ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№224 (23.632) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Анэм и щІыхь» медалыр ятыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сабиитху е нэхъыбэ гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу зэрапІам папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр ятын

Аттаевэ ФатІимэт Мухьэдин и пхъум - сабиихым я анэм

Ащнокъуэ Инессэ Хьэзрит-Алий и пхъум - сабийуэ 8-м я анэм

Балъкъэр Альбинэ Владимир и пхъум - сабиіблым я анэм

Барсуковэ Ларисэ Василий и пхъум - сабиитхум я анэм

Газаевэ Асльижан Назир и пхъум - сабиитхум я анэм

Гувжыкъуэ Мадинэ Руслан и пхъум - сабиитхум я анэм

Дол Мадинэ Ибрэхьим и пхъум - сабиихым я анэм

Къуэжакъ Амыдэ Барэсбий и пхъум - сабиитхум я анэм

Къуэщ1ысокъуэ Оксанэ Борис и пхъум - сабиибгъум я анэм

Кулиевэ Маринэ Уэлий и пхъум - сабиитхум я анэм

Къул Ритэ Борис и пхъум - сабиіблым я анэм

Молэ Джульеттэ Абдул-Чэрим и пхъум - сабиихым я анэм

Срыкъуэ Ларисэ Руслан и пхъум - сабиипщІым я анэм

Ступниковэ Наталье Владимир и пхъум - сабиіблым я анэм

ТІымыжь Юлие Хьэсэнбий и пхъум - сабиитхум я анэм

Шыбзыхъуэ Татьянэ Александр и пхъум - сабиихым я анэм

Щомахуэ Эртэ Мухьэмэд и пхъум - сабиитхум я анэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 15-м
№149-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр Жамбэч Л. Т. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм, и Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэм икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр **Жамбэч Лимэ Тамерлан и пхъум** фІэщын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№150-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын

Нэхущ Ахьмэд БетІал и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Федеральнэ налог къулыкъум и щІыналъэ зэхуаку инспекцэ №92-м камеральнэ къэпщытэныгъэхэмкІэ и къудамэм и къэрал налог инспектор нэхъыщхьэм;

Устэ Надеждэ Александр и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Федеральнэ налог къулыкъум и Управленэм налог зытхэр тхыныкІэ, абыхэм ядэлэжьэныкІэ и къудамэм и унафэщІым.

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:
«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист»

Балъкъыз Артур Хьэчим и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Федеральнэ налог къулыкъум и Управленэм камеральнэ къэпщытэныгъэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІым

Будаев Расул Исмэхьил и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Федеральнэ налог къулыкъум и Управленэм и унафэщІым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м
№151-УГ

Анэм и махуэр лъагэу яІэт

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Анэм и махуэмкІэ ехъуэхъуащ бынитху е нэхъыбэ зиІэ бзылъхугъэ 17-м.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и унэм къарагъблэгъа бзылъхугъэхэм хъуэхъукІэ захуигъэзащ КІуэкІуэм:

- Хабзэ дахэ зэрытхуэхъущи, илъэс къэс щэкІуэгъуэм и кІэм дэ кьыдогъэблагъэ бын куэд зиІэ анэхэр. Абыхэм я щІыбзэр тэмэму ягъасэ, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ зэрызрагъэгъуэтыным я гур етауэ япІ, зэрысщІэмкІи, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм япэ увыпІэхэр къыщ1ах икІи щытхъу тхылъхэмкІэ ягъэлъапІэ. Апхуэдэ щІэблэ къытхуэзыІэт, тхуэзыгъасэ анэхэм гулъытэ, пщІэ, нэмыс къалэжь. Къэралми медицинэкІэ, егъэджэныгъэкІэ, я щыІэкІэ-псэуКІэкІэ зэрыхъукІэ защІегъакъуэ унагъуэшхуэхэм. Псалъэм папщІэ, иджыблагъэ Налшык къалэ къыщыІэзІуахащ перинатальнэ центрыщІэ. Ар сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэгъэза Іуэхущ1апІэщ, дохутыр Іэзэхэр щолажьэ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, 2017 гъэр къызэрихьэрэ республикэм сабий мини 9,5-рэ къыщалъхуащ, цІыху 3615-м анэм Ыурат ахъшэм и тхылъыр Іэрагъэхьэкащ. Пэжщ, унагъуэшхуэр - Іуэхушхуэщ, цІыкІуэхэр зыхуей хуэбгъэзэныр, узыншэу, щІэныгъэ ябгъэдэлъу къэбгъэхъуныр тыншкъым. Зэманым къыдэкІуэ гугъуехьхэм иримыгъэкІуэт, анэу щытыныр къалэн нэхъыщхьэ зыщызыщІыж бзылъхугъэхэм лІыгъэ яхэлъщ. Абыхэм ящІэ анэ лъагъуныгъэм нэхъ къабзэрэ нэхъ инрэ дунейм зэрытемытыр. Нобэ мыбдеж къьекІуэлІа дэтхэнэ зыми псалъэм, хъуэхъум я дахэмрэ гуапэмрэ фхуэфащэщ. ФІыщІэ фхузощІ! - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм кърихьэлІа анэ 17-м «Материнская слава» медалхэр иратащ. Къищынэмыщ1ауэ, Урыху щыщ Срыкъуэ Ларисэ - быни 10-м я анэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкІыу «ГАЗЕЛЬ» микроавтобусым и тхылъыр иратыжащ. Апхуэдэу я цІэ къраІуащ Кременчуг-Константиновскэ щыщ Къуэщ1ысокъуэ Оксанэ, бынибгъум я анэм, Псынабэ щыщ Ащнокъуэ Инессэ - быни 8, Бахьсэн къалэ щыщ Спутниковэ Наталье быни 7 зиІэм, нэгъуэщІхэми.

- Тыгъэу щыІэм я нэхъ лъапІэр - гулъытэращ. Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэ гулъытэ къыщыпхуищІым деж гъэбэгъуауэ ущогуфыкІ, - жиІащ Срыкъуэ Ларисэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Материнская слава» медалыр зрата бзылъхугъэм сабий къэс сом мини 10 хуэзэу зэ, щы зэуэ къэзылъхуам зы сабийм сом мин 50 хуэзэу зэрыратыр, сабии 10 е нэхъыбэ щапІ унагъуэм микроавтобус тыгъэ зэрыхуащІыр.

2008 гъэм щыщІэдзауэ «Материнская слава» медалыр бзылъхугъэ 270-м хуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщу 36-м «ГАЗЕЛЬ» микроавтобусхэр иратащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и Егъэблэгъапіэм Кіуэкіуэ Юрий щаіущіащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекіуэлІахэм

КІуэкІуэ Юрий яІущІащ Урысей Федерацэм и Президентым и Егъэблэгъапіэм зи щхьэ Іуэхукіэ къекіуэлІахэм.

БЫНИБЛ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм защІэгъэкъуэным, уз хьэлъэ зыпкърыт сабийм республикэм и адрыщІкІэ хъыщегъэІэзэным теухуауэ Бахьсэн, Прохладнэ, Тэрч районхэм, Налшык къалэм щыщхэм зыкъызэрыхуагъэзам хэпльащ. Ябыныкъуэ тхьэусыхафэхэр теухуат я псэупІэр егъэфІэкІуэным пыщІа гугъуехьхэм, КъБР-м и щІынальэ зэмылІэужьыгъуэхэм егъэджэныгъэмкІэ ІэнатІэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэща зэрымыхьуам.

КъаІэта дэтхэнэ зы Іуэхугъуэми ехьэлІа пщэрылъхэр властым зыхуэфащэ и ІэнатІэхэм пщэрылъ щащІащ, хуагъэува къалэнхэр щызэфІагъэкІыну пІалъэр къыщыгъэлъэгъуауэ.

Мы гъэм зэрыщІидзэрэ республикэм и Іэтащхьэм зыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху 225-м.

ЗэІущІэм щІэсащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ Канунников Владимир.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

НОБЭ

♦**Къуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапІэ Психологхэм я махуэр**

♦**Азербайджаным юстициям и лэжьакІуэхэм я махуэр щагъэлъапІэ**

♦**Армением и банк лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Ливаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1943 гъэм Ливан Республикэр Франджым и тепщэныгъэм къызэрыщІэкІым теухуа унафэ къащатащ. Ар я махуэ нэхъ лъапІэхэм ящыщу къалъытэ Ливаным щыпсэухэм.

♦**1717 гъэм** Пётр Езанэм къыдигъэкІащ Астрахань губернэ щхьэхуэ къызэрызэрагъэпэщым теухуа унафэ.

♦**1917 гъэм** Канадэм къыщызэрагъэпэщащ иджыпсту дунейм пщІэ нэхъ щызэІэхьи ящыщ спорт зэгухьэныгъэр - Лъэпкъ хоккей лигэр - НХЛ-р.

♦**1941 гъэм** Ладогэ гуэлым пхыкІ мыл гъэзгур («ГъащІэм и гъэзгу» зыфІащауэ щытар) къызэІуахащ.

♦**1956 гъэм** Мельбурн (Австралие) къыщыхэІуахащ XVI Гъэмахуэ Олимп джагуэхэр. Ахэр екІуэкІащ щэкІуэгъуэм и 22 - дыгъэгъаэм и 8-хэм. Шы спортымкІэ зэхьэзэхуэхэр Стокгольм (Швеуцие) щызэхэтащ 1956 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10 - 17-хэм.

♦**1960 гъэм** СССР-м къыщыдагъэкІащ «Запорожец» автомобильщІэр.

♦**1963 гъэм** Даллас къалэм щаукІащ США-м и 35-нэ президенту щыта Кеннеди Джон.

♦**1982 гъэм** Набережные Челны къалэм зэреджэр Брежнев жилэу зэрахьуэкІащ. 1988 гъэм щыщыІэм и 6-м къалэм нэхъапэм иІа цІэр иратыжауэ щытащ.

♦**1990 гъэм** Инджылызым и премьер-министр Тэтчер Маргарет хъыбар зэбгрыригъэхащ илъэс пщыкІызкІэ зытета а къулыкъум зэрытекІым теухуауэ.

♦Урыс лексикограф, тхакІуэ, дохутыр, нобэми къаГъэсэбэп псалъалъэ зэхэзылъхьа **Даль Владимир** къызэралъхурэ илъэс 216-рэ ирокъу.

♦Къэрал, дзэ къулыкъущІэ, Франджым и 18-нэ президенту щыта **Шарль де Голль** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдус, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Добронравов Николай** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Уэлджыр Мушэхьид** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Совет фигуристкэ, цІэрыІуэ СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгухэм тІэунейрэ щытекІуа **Белоусовэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Журналист, политик цІэрыІуэ, УФ-м печатымкІэ и япэ министру щыта **Полторанин Михаил** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **Шыбзыхъуэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей щІэныгъэлІ, политик, УФ-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІу щыта **Хасбулатов Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-ми АР-ми щІыхь зиІэ я артист **Иуан Владимир** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Ало Арсен** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Беслъэней Владимир** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Адыгэ лъэпкъ фащэр дынымкІэ дизайнер, модельер, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекІуа **Сэралъп Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаУэ щыщытынущ. Мазхуэм хуабэр градуси 3, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Мэлбахъуэ Тимборэ и щІыхькІэ

● Пшыхьхэр

Лъэпкъ къэрал библиотекэм фэеплъ пшыхь щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ политикэ, къэрал лэжьакІуэ щІэрыІуэ Мэлбахъуэ Тимборэ къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум.

ЗЭХЫХЬэМ и пэ кьихуэу Мэлбахъуэ Тимборэ и быстыр къызэІуахащ абы и къуэрылъху **Мэлбахъуэ Ольгэ**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ республикэм уполномоченнэу щыІэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Кьардэн Мурат**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Кебеков Владимир** сымэ. Къызэхуэсахэм быстым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм и унафэщІ, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуэ Анатолэ** библиотекэм и лэжьакІуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ къабгъэдэкІыу быстыр Іуэхущ1апІэм тыгъэ къыхуэзыщІа, Мэлбахъуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуа «Говорил тихо, слышали все» тхылъыр щІэрыщІэу зи мылъкукІэ къыдагъэкІыжа Кебеков Владимир фІыщІэ хуищІащ. Апхуэдэу псалъэ гуапэ куэд хужиІащ быстыр зи Іэдакъэ къыщІэкІа скульптор цІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и художник, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ТхьэкІумашэ Михаил.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къыхигъэщащ Мэлбахъуэм республикэм и зыужьыныгъэмрэ ефІэкІуэныгъэмрэ хэлъхьэныгъэфІхэр зэрыхуищІар.

Емуэ Анатолэ зэхыхьэм хэтхэм ягу кьиГъэжІыжащ Мэлбахъуэ Тимборэ гъащІэ гъуэгуанэ гуащІафІэ къызэрикІуар, абы пщІэрэ гулъытэрэ къызэрыпэкІуар, дамыгъэ куэд къызэрыхуагъэфащар. Къэпсэлъам къыхигъэщащ республикэм и къуэ щэджащэ, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Іуэхущ1апІэм зэрыщылажьэм библиотекэм и лэжьакІуэхэр зэрыригушхуэр. Абы зэрыжиІамкІэ, и куэрылъху Ольгэ уэсат къыхуищІри, Мэлбахъуэм и унэ библиотекэм щыщ тхылъ зыбжанэ я Іуэхущ1апІэм тыгъэ къыхуищІащ.

- Мэлбахъуэ Тимборэ дунейм ехьажами, нобэр къызэдэсым цІыхубэм ящыгъупщэркъым ар цІыху акъылыфІэу, Іущу зэрыщытар. Республикэм, къэралым и тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкІэ тхауэ къыхэнащ абы и Іуэхущ1афэ дахэхэр, - жиІащ Емуэм. - Дэри, къытщІэхъуэ ди щІэблэри Мэлбахъуэм хуэдэу жэуапльныгъэ тхэлъу дылажьэмэ, абы и фэеплъыр кІуэдыжьынукъым.

Мэлбахъуэ Тимборэ теуха я гукъэкІыжхэмкІэ къызэхуэсахэм ядэгугъэшащ и ныбжьэгъуу, и лэжьэгъуу щытахэу Зумакулов Борис, Тау Пщыкъан, Хьэжу Владимир, Дзэмыхь Къасболэт сымэ, нэгъуэщІхэри.

Пшыхьэр къызэзыгъэпэщахэм, абы зыкърезыгъэхьэлІахэм, и адэшхуэм псалъэ гуапэкэр къыхужьзыІахэм фІыщІэ яхуищІащ Мэлбахъуэ Ольгэ.

Зэхьэкъэр щекІуэкІа пэшым щагъэуэващ Мэлбахъуэ Тимборэ и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуа «Республикэм и гъащІэр - си гъащІэщ» тхылъ дапхъэр. Пшыхьым кьрихьэлІахэр ирагъэпльащ «ЛІэщІыгъуэм и цІыху» видео нэтынхэмрэ Мэлбахъуэ Тимборэ и фэеплъ документальнэ фильмымрэ.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роззэ.

Лъэпкъ Іущ1игъэ:

Пкъым пыт лыр мэуз.

● КъБР-м и Парламентым

Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ егъэпIейтей

КъБР-м и Парламентым Экономикэмкl, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхумкl э и комитетымрэ «Iуэху зезыхь Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ я жэрдэмкl, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм щекIуэкIащ хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

АБы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентым щыIэ **Дышэкl Мадинэ**, «Iуэху зезыхь Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Пархоменкэ Юлие**, а зэгухьэныгъэм и совет нэхъыщхьэм хэт, Финанс-кредит дэIэпыкъуныгъэмкIэ центрым и унафэщI **Порошин Алексей**, депутатхэр, министерствэхэм, жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр.

ЗэIущIэр кьыззэIуихащ КъБР-м и Парламентым Экономикэмкl, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхухэмкl э и комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**. Абы кьыхирэщащ хьэрычэт Iуэхум зегъэужьыным тещIыхьауэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэрагъэпэщауэ мы зэманым зэрылажьэр.

- Ди лэжьыгъэм кърикIуэну дызышыгугъраци, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ елэжьхэр щыгъуазэ хъун хуейщ я Iэнатlэм зрагъэужьын папщIэ дэIэпыкъуныгъэу ягъэзытфынум. Сыщогугъ гугъуехьхэр зыхуэдэр зэхэдгъэкIыу хэкIыпIэхэр нэрылъагъу тщIыну, - жиIащ абы.

Хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ федеральнэ корпорацэм игъэхьэзыра лэжьыгъэр утыку кьрихьащ Порошин Алексей. Псом хуэмыдэу абы и гугъу щыщIат хьэрычэт Iуэхуэм я проектхэр зэрыпхагъэкIым, «Шесть с половиной» программэм, апхуэдэуи корпорацэм игъэхьэзыра, хьэрычэтыщIэхэм льготэкIэ кредит къаIэрыкъэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхьуну навигаторым, нэгъуэщIхэмк1.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Абазэ ФатIимэт** тепсэлъыхьащ республикэм хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм. Псалъэм папщIэ, щIыналъэм щагъэзащIэ «КъБР-м и экономикэ зыужьыныгъэмрэ абы щIэуэ кьыхьхьэмрэ» къэрал программэм и «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ зегъэужьынымкIэ и Iуэхукlэ» Iыхьэр. Ягъэбелджылаху ягъэзэщIэжыфын папщIэ УФ-м и бюджетым ахъшэ хухех.

КъищынэмыщIауэ, «КъБР-м и Щэсыпlэ фонд» Iуэхущ1апIэр ахъшэм и процент 70-м хуэдизкIэ кьыдэIэпыкъуфынущ. Апхуэдэу 2017 гъэр кьызэрихьэрэр фондыр сом мелуани 8-м щIигъукIэ щэсыпIэ ихьащ. Кредит зэгурыIуэныгъэу хьэрычэтыщIэхэм ярищIыIар сом мелуан 25-м щIегъу.

Абазэ ФатIимэт кьызэрыхигъэщамкIэ, 2017 гъэм хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIа сом мелуан 50-м щIигъу къэрал дэIэпыкъуныгъэу кьаIэрыхьащ. Абы кьищынэмыщIауэ, республикэ мыпхъуми щыщ сом мелуани 4,5-рэ абы хэлъу трагъэкIуэдзэнущ щIалэгъуалэм хьэрычэт Iуэхумкlэ защIэгъэкъуэным, кредит мащIэ зыт фондхэм я активхэм хэгъэхъуэным, республикэм къалэн куэд щагъэзащIэ и центрхэм хьэрычэт Iуэхум ехьэлIауэ Iэмальыщ1эхэр къащIихуэзIуным, нэгъуэщIхэми. Къэпсэльым зэрыжиIамкIэ, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2018 гъэм зыхуигъэувыж къэлэнхэм ящыщ Хьэрычэт Iуэхум зыщIэгъэкъуэнымкIэ центррэ Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ щылажьэхэм яхуэхэа центррэ кьыззгъэпэщыныр. Министерствэр мы зэманым купщIафIэу долажьэ Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ федеральнэ корпорацэм. ЛъэныкъуитIыр 2018 гъэм зэрызэдзлажьэнур яубзыхуащ. Абазэр тепсэлъыхьащ хьэрычэтыщIэхэм кредит етынымкIэ корпорацэм иIэ программэм. Ар республикэм 2016 гъэ лъандэрэ щагъэзащIэ, икIи хьэрычэт мащIэм хэтхэм кредит ират процент 10,6-рэ щхьэщатыкIыу, хьэрычэт курытым елэжьхэм - проценти 9,6-рэ.

Хьэрычэт Iуэхум защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ щыIэ гугъуехьхэм щытепсэлъыхьым, Абазэ ФатIимэт жиIащ ар псом хуэмыдэу зэпхар абыхэм банкым къарит кредитым процентышхуэ зэрыгельымрэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, Мэжкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэхэм хьэрычэтыщIэхэм иратыфыну къэрал дэIэпыкъуныгъэм а Iуэхум хэтхэр езыхэр зэрыщымыгъуазэмрэ.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъащ «КъБР-м зегъэужьынымкIэ корпорацэ» АО-м и унафэщI **Бекъалды Хьэзиз**, Урысейм и Правительствэм епхауэ лажьэ Аналитикэ центрым и унафэщIым и чэнджэщагъу **Резуан Нуралий**, «Сбербанк» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Урысбий Хьэмидбий**, «Урысейм и щIэтъэкъуэн» урысейпсо жылагъуэ Iуэхущ1апIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Кьылъшыкъуэ Альберт**.

ЗэIущIэм и кIэм «Iуэху зезыхь Урысей» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и фIыщIэ тхыгъэхэр ираташ Iэпщэ Заур, Кьылъшыкъуэ Альберт, КъБР-м хьэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэр хьэмэныкIэ и уполномоченнэ Афэщ1ыж Юрий сымэ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Осетие Ищхьэрэ - Аланием и Бесльэн къалэм 2004 гъэм фокIадэм и 1 - 3 махуэхэм къыщыкъуэ гуауэшхуэм куэд тражыIыхьащ икIи тратхьхьащ. Гум и уIэгъэ мыкIыжу псоми къытхуэнащ ар, абы кьыхэкIыуи щIэх-щIэхыуэ псэм кьытохьэлъэ.

ЖЫЛАГЪУЭ лэжьакIуэ емызэшых, Iуэхугъуэфl куэдым я зэхэублакIуэ, Германием щыIа советыдзэм къулыкъу щызыщIахэм я зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и унафэщI Гулэжьн Бесльэн и жэрдэмкIэ Iуэху щхьэпэ щ1ажьэгъэнымкIэ Iуэху щхьэпэ щ1ыпхъаджащIэхэм Бесльэн къалэм щызэтракъута курыт еджапIэ №21-м и пIэкIэ яуха школым и пщIантIэм Зэныбжьэгъугъэм и жыг сатыр щагъэтIысащ. Пхъэхуэт жыгыщIэхэр кьыбгъэдэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм.

Бесльэн къалэм и курыт еджапIэ №98-м (илъэс пщыкIущ1 ипэкIэ зэхакъута №91-р афIэкIа зыми фIамыщыну унафэ щыIэщ) и щIыхьэпIэм кьыщыгтпежащ Осетие Ищхьэрэ - Аланием щыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Мамиев Чермен, Правобережнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Фраев Сослъан, школым и директор Кабливевэ Аллэ, егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр. Осетиныбзэрэ урысыбзэкIэ хъащIэхэм хъуэхъу тхуаIэтщ, лъэпкъ фадэм ди нэхъыжьыр ирагъэIубущ, дэлэнищым ирагъэдзэкъэжри, Іуэхугъуэ щхьэпэр ирагъэжьащ.

Школ щIыхьэпIэм кьыщызэрагъэпэща пэкIум щыIэпсэльа хэгъэрейэхэм кьыхагъэщащ адыгэхэмрэ осетинхэмрэ я зэхуаку зэкъуэныныгъэ, зэгъэунэгъуГъэ, зэныбжьэгъугъэ пэж игъащIэми зэрыдзэлъыр икIи сыт хуэдэ Iуэхугъуэми зэрыщызэкъуэувэр.

● Зэпыщ1эныгъэхэр

Мыкlыжщ гум и уIэгъэр

- Дэ зэи тщыгъупщэнукъым ди къалэм гуэзвэгъуэ кьыщытепсыхэм фэ псом ялъу зыкъызэрытщIэвгъэкъуар, - жиIащ район администрацэм и Iэтащхьэм. - Ар и щыхьэтщ фи псэм и кьабзагъэмрэ гум и хуабагъымрэ.

- Осетинхэр ди дежкIэ гъунэгъу къудейкъым, атIэ благъагъэкIэ, Iыхьлыгъэкlэ быдэу дызыпыщIа лъэпэхьщ, - кьыхигъэщащ кьыщыпсальэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ Мэрем Мухьэмэд. - Абы кьыхэкIыу фи гуфIэгъуэр вдэтIэтыну, гуэвэгъуэр вдэдгъэпсынщIэну сыт щыгъуи дыкьэзырщ.

Пэкlум иужькIэ школыр кьыдагъэпIыхьащ.

- Щыуэ зэтет мы еджапIэр Мэзкуу къалэм мазийм кьриубыдэу 2005 гъэм тхуэзэфIигъэуващ, - дыщигъэгъуэзащ Каблиевэ Аллэ. - Адэкlэ дэ зыхуей хуэдэгъэзэжащ. Къыхэзгъэщыну сызыхущIэкъуращи, ди еджапIэмрэ абы щIэсхэмрэ лей къызытехьауэ зыми кьедгъэлъытэркъым - а махуэ фIыщIэхэр тщхьэщыкIын, адэжьыфIхэм лIэщыгъуэкIэрэ кьадэгъуэгурыкIуэ зэхущытыкIэ дахэр щIигъэбыдэрэ щIэблэм абы пригъащIу.

Иужь илъэс пщыкIущым Осетие Ищхьэрэ - Аланием кIуауэ Бесльэн и курыт еджапIэ №91-мрэ Мелыбычхэм я къалэмрэ Іумыкьеуэ, абыхэм я щхьэр хуамыгъэщхьауэ кьыдэкIыж щыIэу кьыщIэкIынкъым. Щ1ыху миным щIигъу зыщIаубыдауэ щыта школым и спорт пэшым ущыщIэтым и деж кIэ хуиту дыпсэун хуейщ.

Бесльэн и курыт школ №98-р къэкIуэнум и еджапIэщ. Щ1эныгъэми, Iэпщ1эльапщIагъэми, узыншагъэр егъэфIэкIуэнми, гъэсэныгъэми ар сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIащ икIи щапхъэ зытепх хъуну защIэщ. Абы и школ пщIантIэм иджы иIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ я зэныбжьэгъугъэм и пхъэхуей жыг сатыр кIыхь, ди нэхъыжьыр - Мелыбычхэм я щIэныгъэ зэрыпхагъэкIым, «Шесть с половиной» программэм, апхуэдэуи корпорацэм игъэхьэзыра, хьэрычэтыщIэхэм льготэкIэ кредит къаIэрыкъэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхьуну навигаторым, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Абазэ ФатIимэт** тепсэлъыхьащ республикэм хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм. Псалъэм папщIэ, щIыналъэм щагъэзащIэ «КъБР-м и экономикэ зыужьыныгъэмрэ абы щIэуэ кьыхьхьэмрэ» къэрал программэм и «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ и Iуэхукlэ» Iыхьэр. Ягъэбелджылаху ягъэзэщIэжыфын папщIэ УФ-м и бюджетым ахъшэ хухех.

КъищынэмыщIауэ, «КъБР-м и Щэсыпlэ фонд» Iуэхущ1апIэр ахъшэм и процент 70-м хуэдизкIэ кьыдэIэпыкъуфынущ. Апхуэдэу 2017 гъэр кьызэрихьэрэр фондыр сом мелуани 8-м щIигъукIэ щэсыпIэ ихьащ. Кредит зэгурыIуэныгъэу хьэрычэтыщIэхэм ярищIыIар сом мелуан 25-м щIегъу.

Абазэ ФатIимэт кьызэрыхигъэщамкIэ, 2017 гъэм хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIа сом мелуан 50-м щIигъу къэрал дэIэпыкъуныгъэу кьаIэрыхьащ. Абы кьищынэмыщIауэ, республикэ мыпхъуми щыщ сом мелуани 4,5-рэ абы хэлъу трагъэкIуэдзэнущ щIалэгъуалэм хьэрычэт Iуэхумкlэ защIэгъэкъуэным, кредит мащIэ зыт фондхэм я активхэм хэгъэхъуэным, республикэм къалэн куэд щагъэзащIэ и центрхэм хьэрычэт Iуэхум ехьэлIауэ Iэмальыщ1эхэр къащIихуэзIуным, нэгъуэщIхэми. Къэпсэльым зэрыжиIамкIэ, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2018 гъэм зыхуигъэувыж къэлэнхэм ящыщ Хьэрычэт Iуэхум зыщIэгъэкъуэнымкIэ центррэ Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ щылажьэхэм яхуэхэа центррэ кьыззгъэпэщыныр. Министерствэр мы зэманым купщIафIэу долажьэ Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьынымкIэ федеральнэ корпорацэм. ЛъэныкъуитIыр 2018 гъэм зэрызэдзлажьэнур яубзыхуащ. Абазэр тепсэлъыхьащ хьэрычэтыщIэхэм кредит етынымкIэ корпорацэм иIэ программэм. Ар республикэм 2016 гъэ лъандэрэ щагъэзащIэ, икIи хьэрычэт мащIэм хэтхэм кредит ират процент 10,6-рэ щхьэщатыкIыу, хьэрычэт курытым елэжьхэм - проценти 9,6-рэ.

Хьэрычэт Iуэхум защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ щыIэ гугъуехьхэм щытепсэлъыхьым, Абазэ ФатIимэт жиIащ ар псом хуэмыдэу зэпхар абыхэм банкым къарит кредитым процентышхуэ зэрыгельымрэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, Мэжкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэхэм хьэрычэтыщIэхэм иратыфыну къэрал дэIэпыкъуныгъэм а Iуэхум хэтхэр езыхэр зэрыщымыгъуазэмрэ.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъащ «КъБР-м зегъэужьынымкIэ корпорацэ» АО-м и унафэщI **Бекъалды Хьэзиз**, Урысейм и Правительствэм епхауэ лажьэ Аналитикэ центрым и унафэщIым и чэнджэщагъу **Резуан Нуралий**, «Сбербанк» ПАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI **Урысбий Хьэмидбий**, «Урысейм и щIэтъэкъуэн» урысейпсо жылагъуэ Iуэхущ1апIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Кьылъшыкъуэ Альберт**.

ЗэIущIэм и кIэм «Iуэху зезыхь Урысей» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и фIыщIэ тхыгъэхэр ираташ Iэпщэ Заур, Кьылъшыкъуэ Альберт, КъБР-м хьэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэр хьэмэныкIэ и уполномоченнэ Афэщ1ыж Юрий сымэ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● Теплъэгъуэхэр

Мы щIыпIэм Бахъсэныпсыр къыщохьэ.

КъБР-м и Парламентым и V зэхуэсыгъуэм и депутатхэу зэпымыууэ лажьэхэм цIыхухэр я щхьэ Iуэхухэмкlэ КъБР-м и Парламентым и унэм щахуэзэр

Тхьэмахуэм хиубыдэ махуэр	Я пэ тхьэмахуэ зэхуакум	2-нэ тхьэмахуэ зэхуакум	3-нэ тхьэмахуэ зэхуакум	4-нэ тхьэмахуэ зэхуакум
Блыщхьэ	Мэлбахъуэ Б.Хь. 14.00- 17.00	Мэлбахъуэ Б.Хь. 14.00-17.00	Мэлбахъуэ Б.Хь. 14.00-17.00	Мэлбахъуэ Б.Хь. 14.00-17.00
Гъубж	Кривко М.Н. 9.00-13.00	Кривко М.Н. 9.00-12.00	Кривко М.Н. 9.00-13.00	Кривко М.Н. 9.00-12.00
	Къэжэр Хь.Хь. 10.00-13.00	Азычэ С.Г. 10.00- 12.00	Къэжэр Хь.Хь. 10.00-13.00	Азычэ С. Д. 10.00-12.00
	Гугу В.Р. 15.00-17.00	Жанатаев С.А. 10.00-13.00		Гриневич В.В. 14.00-18.00
		Гриневич В.В. 14.00-18.00		Iэпщэ З.Б. 15.00-17.00
		Iэпщэ З.Б. 15.00-17.00		Жанатаев С.А. 15.00-18.00
Бэрэжьей	Пащты Б.С. 9.00-13.00	Пащты Б.С. 14.00-18.00	Пащты Б.С. 9.00-13.00	Пащты Б.С. 14.00-18.00
		Бэрэгъун А.М. 15.00-17.00		Бэрэгъун А.М. 15.00-17.00
				Мокаев К.А. 15.00-17.00
				Щхьэгъэпсо С.Хь. 15.00-17.00
Мэрем	**Гу зылъытатхэ**: муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыкIуэр тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу щрагъэблагъэ зэманымрэ абыхэм щызэфIагъэкI Iуэхуэмрэ кьыщыгъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и сайтым.

КъБР-м и Парламентым и V зэхуэсыгъуэм и депутатхэу зэпымыууэ лажьэхэм тхьэмахуэ зэхуаку къэс мэремхэм цIыхуэр щрагъэблагъэ зэманыр

№ п/п	Я цIэ-унэцIэхэр	Зэманыр	Щригъэблагъэ щIыпIэр
1.	КъБР-м и Парламентым и депутат Егоровэ Т. Б. цIыхуэр щригъэблагъэр	3-нэ мэрем махуэм 10.00-13.00	КъБР-м и Парламентым
2.	КъБР-м и Парламентым и депутат Афэщ1агъуэ М. Г. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-12.00	КъБР-м и Парламентым
3.	КъБР-м и Парламентым и депутат Жанатаев С. А. цIыхуэр щригъэблагъэр	Япэ мэрем махуэм 10.00-15.00	Налшык къалэ округым и администрацэм
4.	КъБР-м и Парламентым и депутат Азычэ С. Г. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-16.00	«Захуагъэ зэдзщIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм, Лермонтовым и уэрам, 22-нэ унэ
5.	КъБР-м и Парламентым и депутат Iэпщэ З. Б. цIыхуэр щригъэблагъэр	9.00-12.00	Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм, Кулиевым и проспект, 12-нэ унэ
6.	КъБР-м и Парламентым и депутат Бэрэгъун А. М. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-15.00	«Урысей Зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым Аруан муниципальнэ районым щIиэ къудамэм
7.	КъБР-м и Парламентым и депутат Гриневич В. В. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-13.00	Прохладнэ къалэ округым ЩIыпIэ самоуправленэмкlэ и Советым
8.	КъБР-м и Парламентым и депутат Гугу В. Р. цIыхуэр щригъэблагъэр	Япэ, 3-нэ, 4-нэ мэрем махуэхэм 11.00-13.00 2-нэ тхьэмахуэ махуэм 16.00-18.00	КъБР-м и Парламентым Налшык къалэ, Ингушым и уэрам, 9 «а» МДОУ №60
9.	КъБР-м и Парламентым и депутат Къэжэр Хь. Хь. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-12.00 14.30-17.00	КъБР-м и Парламентым Тэрч муниципальнэ районым
10.	КъБР-м и Парламентым и депутат Кансаевэ Е. И. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-13.00	КъБР-м и Парламентым
11.	КъБР-м и Парламентым и депутат Кривко М. Н. цIыхуэр щригъэблагъэр	9.00-12.00	Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм
12.	КъБР-м и Парламентым и депутат Мэлбахъуэ Б. Хь. цIыхуэр щригъэблагъэр	Япэ, 2-нэ, 3-нэ мэрем махуэхэм 4-нэ мэрем махуэм 9.00-17.00	КъБР-м и Парламентым Бахъсэн муниципальнэ районым
13.	КъБР-м и Парламентым и депутат Мэремыкъуэ С. Хь цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-12.00 14.00-17.00	Бахъсэн муниципальнэ районым КъБР-м и Парламентым
14.	КъБР-м и Парламентым и депутат Мокаев К. А. цIыхуэр щригъэблагъэр	Япэ, 3-нэ мэрем махуэхэм, 2-нэ, 4-нэ мэрем махуэхэм 10.00-15.00	Налшык къалэ Щэрэдж муниципальнэ районым
15.	КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Б. С. цIыхуэр щригъэблагъэр	10.00-17.00	Налшык къалэ округ, Лениным и проспект, 57-нэ унэ, етIуанэ къат, КПРФ-м и егъэблагъэпIэм
16.	КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо С. Хь. цIыхуэр щригъэблагъэр	2-нэ, 4-нэ мэрем махуэхэм 1-нэ, 3-нэ мэрем махуэхэм 10.00 - 15.00	Налшык къалэм Щэрэдж муниципальнэ районым

ЦIыхухэм зэрыгъэблагъэнум теухуа хъыбархэр нэхъ щхьэтечу къыщыщIэфынущ КъБР-м и Парламентым и сайтым: www.parlament-kbr.ru.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм зрагъэужь

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министерствэм щэкIуэгъуэм и 14-м къыщыдэлъадэкIа «Щэджэм щIыналъэм егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыщыгъуэувамрэ абы зыщегъэужьынымкIэ щыIэ Іэмалхэмрэ» выставкэр.

АБы кьрихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министр **Емуз Нинэ**, КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, нэгъуэщIхэри.

- Сэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ нобэрэй ди зэIущIэм кьрихьэлIа псоми. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр нэхьыбэрэ егъэкIуэкIыпхъщ, ди щIэблэм заужьын,efIэкIуэн папщIэ, - жиIащ Емуз Нинэ, япэ псалъэр щыхуагъэфащэм.

ЩIыгъуазэ фыхуэтщIынщи, 2018 гъэр ихьыку министерствэм апхуэдэ Іуэхуэр щригъэкIуэкIынущ республикэм и муниципалитет псоми. Абыхэм кьрикIуэхэр щызэхалъхьэжынущ 2018 гъэм и кIуэым трауху республикэпсо выставкэм. Щэджэм районым выставкэм щегъэлъагъуэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щаIыгъ Іуэхущ1апIэу 6-м, апхуэдэ зы уней Іуэхущ1апIэм, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ 18-м, я лIыкIуэхэм я лэжьыгъэр. Ар лIэужьыгъуэ куэду зэхэтщ.

«ЦIыхэр дахэу зэIущэн», «Іэзагъэшхуэ зэрыщIэгъуэн», «Адыгэ дамыгъэ» унэтIыныгъэхэмкlэ щагъэлъагъуэ хьэпшып гъэщIэрэщIахэр хуэгъэзащ ныбжьыщIэхэм я художественно-эстетикэ зэхэщIыкIым зегъэужьыным.

Выставкэм щагъэлъагъуэ Щхьэлыкъуэ къуажэм (Щэджэм щIыналъэ) и курыт школ №2-м и музейм и проектыр. КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим кьызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу 2014 гъэм школым кьыщызэIуахауэ щытащ а цIыху цIэрыIуэм и музей. 2016 гъэм ягъэзащIэу хуэжьащ «КIыщокъуэ Алим и школ музей» проектыр. Иджы абы щыщ хьэпшыпхэр выставкэм кьашащ.

ГъэщIэгъэнущ Щэджэм ЕтIуанэ къуажэм и школ №92-мрэ №93-мрэ я егъэкIуэхэм я лэжьыгъэхэр. Апхуэ-дзу выставкэм еплъхэр дахьэхынущ Нартан къуажэм, Щэджэм къалэм щыщ ныбжьыщIэхэм выставкэм хуагъэхьэзырахэм.

А махуэм ягъэлъэпIащ «Егъэджакlуэ нэхъыфI - 2017» зэхьэзэхуэм щыщыхэжаныкIахэри. Апхуэдэ зэпеуэхэр кьызэгъэпэщыныкIэ, кьызыхуэтыншэу егъэкIуэкIыныкIэ зи кьарум емыблэжу а Іуэхум хэлъжьыхь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщI Азычэ Светланэ фIыщIэ тхьылъ ираташ.

«Егъэджакlуэ нэхъыфI - 2017» зэпеуэм щытекIуауэ: Нарткъалэ дэт школ №96-м математикэмкlэ щегъэжьащэ Бахъуэ Анфусэ; Налшык дэт школ №9-м тхыдэмкlэ и егъэджакIуэ Текlуий Алисэ; Май къалэм щыIэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №92-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Кабичук Татьянэ; Тэрч къалэм дэт школ №93-м и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ Емкъуэ Залинэ; Щэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыIэ школ №92-м математикэмкlэ и егъэджакIуэ Къасэ Джульеттэ; Урыху дэт школ №92-м урысыбзэмрэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ Текуевэ Мадинэ сымэ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

Илъэс пщыкIуэ фIэкIа къэзымыгъэщIа Кусовэ Мадинэ и къэащхьэм дыкъыщоджэ и анэм хуэзхилъхьа гъыбзэм:

Мадинэ, нэхущым афIэкIа укъытхуигъэуэшыжыну мыгъуэкъым,
Дунейм сабийуэ тетым хуэдэу, уи нэхэр къыззэтепхыжынукъым.
Уи анэр мэгуIэ, уи адэр мэщыгъуэ,
Я пкъыр гъэжауэ щхьэщыгщи уи къъащхьэм.

Абы къыбгъурытщ Беровевэ Сослъэнрэ Асльэн я иужьрей егъэзыпIэр. А цIыкIуэр зэгъусэу дунейм кьытехьащ 1994 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м, зэгъусэуи...

Къалэхъэм кьыпагъэщхьэхуэкIа «МелыIычхэм я къалэм» дыкъыщыдэкIыжым зэ сентъэкIыжащ. Абы и дыхьэпIэм Іут метр зэбгуэнатIэ зытхух фIэкIа мыхъуну хэщIапIэ цIыкIу дыдэм зы лIы къыщIэувыкIауэ нэщхьейуэ кьытхэпльэрт: зи бынэрэ щхьэгъусэри Бесльэн гуауэм хэкIуэда цIыкIуэм ар псэупIэ ищIащ, и Іыхьлыхэм япэгъунэгъун папщIэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Налшык - Бесльэн - Налшык

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

● Инджылыз таурыхъхэр

Джек щхьэхынэ

ЩЫАЩ-псэущ зы щIалэ. Абы зэреджэр Джек. Жьы хъуа и анэм и гъусэу ар щIыпIэ пхыдзам щыпсэуРт. Фызыжьым цы зэIуищэрт, ауэ абы урипсэуфынутэкъым. Джек хуэдэ щхьэхынэ уигъэлъхьуэнт. Абы зыри махуэ псокIэ ищIэртэкъым, гъэмахуэм дыгъэ зригъэуу, щIымахуэм жьэгум зыщигъэхуабэу псэут Iуэхуншэу.

Аращ абы псоми Джек-щхьэхынэ къыщIыфIащар. ЗымащIэкIэ нэхъ мыхъуми къыдэIэпыкъуну и анэм ар къыхуэгъэдаIуэртэкъым. Блыщхьэ гуэрым абы и щIалэм зыхуигъэзащ:

- Уи щхьэ зэрыбгъэпсэужьин дяпэкIэ къыуымылэжьыжмэ, пщIантIэм удэсхунущ - уэзэрыхуейуэ псэу!

А псалъэхэр Джек шэуэ пхыкIащ. Гъунэгъуу псэу фермерым джек гъубж пщэдджыжьым лэжьакIуэ кIуащ. Зы махуэ лажьэри, кърата сомыр иIыгъыу унэм къежьэжащ, арщхьэкIэ псыр щызэпиупщIым, ар игъэкIуэдащ. Абы нэхъапэкIэ ахъшэ зэи иIыгъатэкъым.

- Сыту ущхьэпсэ уэ! - къыжриIащ абы и анэм. - А сомыр уи жыпым иплъхьэтэкъэ!

- ЕтIуанэ гъуэгу апхуэдэу сщIэнщ, - жиIащ Джек.

Бэрэжьейм Джек Iэхъуэм деж щыIэжьащ. Мазэ гъэжьапщIэм пэкIуэу абы шэ кхъуэщын къритащ. Джек кхъуэщыныр и курткэ жыпым ирилъхьащ, ауэ шэр ирикIуташ, гъуэгум и зэхуэдитIыр иджыри къимыкIуауэ.

- Уэ ди Тхьэ! - жиIащ анэм. - Кхъуэщыныр уи щхьэм тету къэпхьын хуеящ.

- КъыкIэлъыкIуэм апхуэдэу сщIэнщ, - жиIащ Джек.

Махуэкум Джек аргуэру фермерым и деж щылэжьащ, махуэм хуэзэу кхъуей Iыхьэ и лэжьапщIэу. Пщыхьэщхьэм Джек и щхьэм кхъуейр трилъхьэри унэм къежьэжащ. Ауэ унэм абы зыри къихьэсакъым: кхъуей щабэр зэбгрылъэлъри и щхьэцыим хэнащ.

- УщхьэдыкъщI - жиIащ анэм. - Ухуэсакъыу IэкIэ къэпхьын хуеящ кхъуейр.

- ИужькIэ апхуэдэу сщIэнщ, - итащ жэуап Джек.

Мэремым Джек щIакхъуэ зыгъажьэм и деж щылэжьащ. Абы къыпэкIуэ джадуушхуэ къритащ. Джек джадур хуэсакъыу къищтэри IэкIэ къихьащ, ауэ и Iэхэр зэрыщыту щызэхифыщIэм, ар иутIыпщыжьын хуей хъуащ. Апхуэдэу Джек аргуэру Iэнэщыу унэм екIуэлIэжьын хуей хъуащ.

- Сыту уакъылынщэ! - жиIащ анэм. - Джэдум и пащэм кIапсэ ипщIэу къэпшэн хуеящ!

- Иджы апхуэдэу сщIынщ! - жиIащ къуэм.

Щэбэтым Джек лы зыщэм и деж щыпIэжьащ икIи абы пщIэ хъарзынэ къыпэкIуащ - мэлыкуэ псо къритащ. Джек мэлыкуэм кIапсэ ирищIэри щIым хилъафэу къиплъэфащ. Апхуэдэ мэлылым кхъыхьыну шхыныгъуэр фи нэгу къыщIэвгъэхьэрэ!

Иджы Джек и анэр и пIэм кришыпат. Тхьэмахуэ махуэм абы щэджагъуашхэ кхъызыхищIыкIыну иIэр кхъбыстэ къудейт.

- Сыту ущхьэдыкъ! - жриIащ абы Джек. - Уи дамэм теплъхьэу къэпхьын хуеящ ар!

- Апхуэдэу сщIэнщ. - жиIащ Джек.

Блыщхьэм Джек-щхьэхынэ пщIантIэм дэкIри Iэщ зыщэм и деж кIуащ. И лэжьыгъэм къыпэкIуэу бжэн къритащ. Ар и пщэм дилъхьэну къехьэлъэкIми, Джек и пIлэм ар ерагъыу ирилъхьащ.

Бжэныр иIыгъыу унэм къежьэжащ, - и лъакъуэкэр ерагъыу зэблихьыурэ. Мыгувэу зы къулей гуэрым и унэмкIэ блэкIын хуей хъуащ. Абы пхъу тхьэIухуд иIэт, дэгуу икIи бзагуэу, и гъащIэ псом къурибудэу зэи мыдыхьэшхауэ. Дохутырхэм абы и адэм къыжраIащ ар зэ мыхъуми зыгуэрым имыгъэдыхьэшхауэ къызэрымыпсэльэнур. Джек бжэныр и пIлэм илъу щыблэкI дыдэм ирихьэлIэу, хъыджэбзыр щхьэгъубжэм къыдэпльащ. Бжэныр Джек и пIлэм илъу зэрихьыр зэрилъагъуу, ар зэрыпльэлъу къэдыхьэшхащ. Зэрыдыхьэшхыуи - занщIэу къэпсэлъащ икIи и тхьэкIумэхэм зэхах хъужащ.

Къулеижьыр апхуэдизкIэ гуфIэри, и пхъур Джек щхьэгъусэ хуищIащ. Апхуэдэу Джек-щхьэхынэр къулей хъуащ. И щхьэгъусэм щыIгъуу Джек унэшхуэм Iэпхъуащ, и анэр здишэри. Фызыжьыр абыхэм я гъусэу псэуащ дунейм ехьжьыху, зыхуэныкъуи щымыIэу икIи гуэзвэгъуэншэу.

Удыгъэ зыхэлъ

ИНДЖЫЛЫЗ Ищхъэрэм удыгъэ хэлъу зыгуэр щыпсэуащ. Абы дунейм бзэуи щэхууи тетыр ищIэрт. Абы тхьылъышхуэ иIэт шкIафэ и тебзэу, гъущI Iункlыбзэкlэ игъэбыдзэку. Лъэгум быдзу щагъэувэ стIолым тхьылъыр цепкIэ епхати, удыгъэ зыхэлъыр тхьылъым еджэн мурад щиIэхэм деж гъущI Iункlыбзэмкlэ къыIуихыт. А тхылъым еджэри езым и закъуэт, дунейм ехьжахэм я псэхэм я щэхуэр абы щызэхуэхьэсат.

Уд щIэныгъэлIым зы щIалэ щхьэпс цIыкIу и гъэсэнт. Зи щIыхьыр ин и егъэджакIуэм абы къулыкъу хуищIэрт, тхылъ фIыщIэхуэм нэ лъэныкъуэкIэ нэхъ мыхъуми хуемыплъэкIыу. Удым и пэш къудейм ар щIагъэхьэртэкъым.

Зэгуэрым и егъэджакIуэр и пэшым щIэмысу ар щрихьэлIэм, еджакIуэм зыхуэмышIэжу абы щэхуу щIыхьащ. Удым мывэ лъапIэхэр къыщигъэщIкIэ къыгъэсэбэп Iэмэпсымэ хьэлэмэтхэр фIэгъэщIагъуэну щIалэ цIынэм зэпиплъыхьащ.

Абы щIэтт дунейм къыщIихьу псори къыззрыщI гъуджэрэ, бгъэтхьэкIымэ телъыджэрэ - и тхьэкIуэмэм ар зэрыIуилъхьэу, зыхуейуэ хъуар зэхихырт. Ауэ, еджакIуэм сыт ищIэми гъуаплъэм дыщэ, бдзапщIэм дахьын къыхищIыкIыфыртэкъым. Гъуджэ телъыджэм ар пщIэнэщэу иплъэрт - абы пшэхэр щесырт, Iугъуи къищырт, нэгъуэщI ирилъагъурэртэкъым. БгъэтхьэкIымэм Iэуэ-лъауэ макъ кIыIукIырт, хыр къэукъубея хуэдэ.

«Зыри къызэхъулIэркъым, - егупсысащ еджакIуэр, тхылъым къыщыхьа тхьэ елъэIукIэхэм сыщыгъуазэкъыми. Ауэ ар хьэрэмщ».

Абы зыкъыщригъэзэкIым, къиплъэгъуар телъыджэ щыхъуащ! ЕгъэджакIуэр щыщIэным тхылъыр имыгъэбыдзу IункlыбзэР къытринат. ЕджакIуэр щIэпхъуэри, тхылъыр зэIуихащ. Абы ит псалъэхэр щакъэ фIыщIэрэ плъыжькIэ тхат. Ныбжьыщым зыри къыгурыIуэртэкъым, ауэ зы псалъэуха макъкIэ къеджащ, пычыгъуэкIэ зэпиудурэ.

Пэшыр зэуэ кIыфI къэхъури, унэр зэрыщыту зэщIэзджызджащ. Щыблэ хъуэпскIэр пэш псоми зэлъащIысри, щIалэм и пащхьэм зы шынагъуэ гуэр кIихутащ. Абы и нэхэр къищIуукIырт, уэздыгъитI хуэдэ, и жьэм мафIэр кхъыжьэдащэ. Ар удым къулыкъу хуэзэщIэ жин фIыщIэ Вельзэвулыт: щIалэр зэрымыщIэкIэ щIлъэIури, ар къриджат.

- ЗгъэзэщIану узыхуейр жьыI! - къэгуоуащ жин фIыцIэр, мафIэ зэрылъ хьэкур зэрыIэуэлъауэм хуэдэу.

ЩIалэр и пIэм ижьхьащ, кIэзыу, и щхьэфэцми зиIэтащ.

- Узыхуейр жьыIэ е устхьэлэнущ!

ЩIалэм жэуап итыжьырыртэкъым. Жин фIыцIэм абы и пщэфэцыр къиубыдри зэрыбауэ мафIэ лыгъэмкIэ здигъэсыж, щIэкIиящ:

- Узыхуейр жьыIэ!

- Мо удэсым псы щIэкIэ! - здэгъазавэм ялэу и щхьэм къихьар жиIащ щIым щыт кхъуэщыным ит хъурмыжьымкIэ (герань) и щхьэр ищIурэ.

- Псэжьыр занщIэу бзэхьжрэ асыхьэту къигъэзэжащ. И щIыбым ит псыр удз гъэгъам щIикIащ. Аргуэру кIуэдыжри, псы фэндырэ и щIыбым илъу къигъэзэжащ. Апхуэдэурэ бзэхьм кхъыкъуэкIыжурэ, хъурмыжьым псы щIигъэлъэдащ, пэшым псыр щIэз хъуху.

- Куэдщ, куэдщ! - лъэIуащ щIалэщIэр, бауэ кIэщI хъуауэ. Ауэ жин фIыцIэр абы едаIуэртэкъым. Абы мыубыIэжу псы кхъыхьырт - удым и гъэсэным псэжьыр зэрыраухъэжьыр ищIэртэкъыми.

АпщIэндэхуи псыр зэпымыууэ пэшым къыдэкIуейрт - щIалэр ипэщIыкIэ лъэгуажьэкIэ абы хэт хъуащ, иужькIэ и бгым къэсащ. Куэд мыщIэу псыр и дамэм нэс къыщыдэкIуэтейм, щIалэр стIолым дэкIуеящ, иужькIэ щхьэгъубжэм нэсри, абдж зэхуакуэм дэлъэдащ, щIалэм и пщэр щIигъанэу хэту. И макъ къызэрикIэ пщIэнэшэу ар кIиярт: псэжьыр зикI бэяжьыртэкъым...

Абы нобэр къызэдэсым псы кхъыхьэр хъурмыжьым щIикIэнт, Йошкир псор ихьыху, ауэ насып иIэти, щIым къигъэзэжащ, и тхьылъым Iункlыбзэ зэзэриилытар игу къэкIыжри. И гъэсэн тхьэмыщIкIэм и жьэкъыпэр псым щыщIигъанэ дыдэм, удыр и пэшым къыщIыхьэжащ. Абы хуабжьу зэрыпльаIуэ псалъэхэр жиIэри, Вельзэвулъ и жьыхэрмэ хэщIапIэм ихужащ.

Пащтыхь Артур теухуа хъыбар

КЪУЗЗРАIУЭТЭЖЬЫМКIЭ, лIыхъужьыгъэ куэд зезыхьа пащтыхьышхуэ Артур, абы и щхьэгъусэ пащтыхь гуащэ Джиневрэ, и лордхэр, унэIутхэр, лIыхъуэжьхэр, хьэхэр лIатэкъым, атIэ бгы лъагэм адэкIэ щыIэ бгъуэнщIагъым щыжьейрт. Зыгуэрым а бгъуэнщIагъ пхыдзар къыхэгъуэту абыхэм я лъагъуэм техьэфмэ, абы щIыхьэу мывэм кхъыхщIыкIа стIолышхуэм телъ, щакIуэ щыкIуэкIэ къагъэсэбэп накъыпэр игъаджэу, мывэ сэшхуэр сампIэм иригъэззгъэжмэ, псори къэушыжьынт.

Зыри щыгъуазэтэкъым а щIыпIэм и хэщIапIэми, абы и щIыхьэпIэми. Ауэ, зэгуэрым, илъэсищэкIэ хэзэгъэкIыжмэ, зы фермер щалъэгъуауэ къаIуэтэж пащтыхь Артур щыпсэуа уардэунэжь зэхэкъутам деж. Абы зэIуищэрт бдзэжьей зэрещэну хъыр. Зэуэ абы кIапсэ щыхьар Iэпыхущ, мывэкIэщхьам хэт къуацэхэмрэ щыпсыранэжьмрэ хэхуэри, игъуэтыжакъым. Фермерым ар щы къуа зэхуакум дэхуауэ къыфIэщIри, щIыр тIэкIу зэлъыIуигъэкIуэт хуэдэу щищIым, щIыкъатиблым ес бжэ зэвыр къиплъэгъуащ.

Илъэгъуар фIэгъэщIэгъуэн хъури, Iэпыхуа кIапсэм и лъэужьым техьэну мурад ищIащ. Фермеры галереем къыщIыхутам, зэпымыууэ лъэпэрапэрт. Шындырхуохэм абы и лъэгухэм шыгъажэ щащIырт. Къэзылъэтыхь дзыгъэхэм я дамэ фIыщIэжьхэр абы и щхьэм къыплъэIэсырт. Иужьым, къыIэщIэлъэгъуащ мафIэ гуэр жьыкъэу къыщыблэу. Фермеры кIуэтэхункIэ, галереем къыщыблэ нэхур нэхъ ин хъурт. И кIэм къиплъэгъуащ мывэкIэ уху пэшышхуэ. Абы и кум мафIэшхуэ щыблэрт, жьэгур ямыгъаблэми. Нэхур тридзэрт мывэ цIугъэнэхэмкIэ гъэдэха пщэ блын екIум. Тахьтэм пащтыхьымрэ пащтых гуащэмрэ ист, я Iэдакъэм зытрагъэщIауэ жей Iувым хэту. Ахэр къаухъэрейхьат пщIантIэм щыщIырт.

Фермеры шынэщ, ищIэну къыпэщылъхэм я зэкIэлъыхьыкIэхэр щыгъупщэкри, стIолым телъ сэшхуэр кьищтащ. Ар сабэ хъуа сампIэжьым къыщIрихьм, и гур къильэтыным нэсауэ здэгъазэвэм, къиплъэгъуащ пащтыхьымрэ абы и уардэунэм щыпсэухэмрэ я нэхэр къызэрызэтрахыр. Сэшхуэр сампIэм къыщIрихьипэм, жеяхэм зыкъагъэхьейуэ хуежьащ. Фермерым сэшхуэр къищтэщ, игъэдалъэри, сампIэм ирилъхьэжащ.

Абы ирихьэлIэу пащтыхь Артур и блыгущIэтхэм зыкъащIэж хъуащ. Къэхъужахэм я нэкIухэр зэуэ щэхум хуэдэу пыкIщ, цIууэ щыта я нэхэр ункIыфIыжри, я напIэхэр зэтрапIэжащ. Псори аргуэру жейм хилъэфэжащ. Пащтыхьым и нэхэр мащIэу къызэтрихущ, и Iэхэр ишийри, нэщхъейуэ жиIащ:

- Дыунэхъуащ, дыунэхъуащ! Мы делэм сэшхуэр кьрихщ, игъэдалъэри, сампIэм ирилъхьэжащ, ауэ нэхъыщхьэр - накъыгъэ игъэджэну къыщыгъупщащ.

Пащтыхьым ар жиIэщ, и тахъэм джабэкIэ зригъэщIыжри, жеижьпащ.

Фермеры аргуэру гъэзвэгъуэр къыпIысащ. Ар псынщIэу къыщIэпхъуэжу галереес кIыхьым къыщыщIэкIыжьам, дуней нэхур къыIэщIэлъэгъуэжащ икIи абы къыгурыIуащэртэкъым и нэгу щIэкIахэр пэжу кхъэхуарэ пщIыхьэпIэу илъэгъуарэ.

Абы унэм игъэзэжащ пащтыхьымрэ и пщIантIэм дэсхэмрэ къигъэушыжьи зэрыхуэзэфэмыкIам хущIегъуэжауэ. Жэщым ар епщIыхьащ; и пащхьэм псэум хуэдэу пащтыхь Артур итт, и Iэхэр кхъуэшийрэ кьеджэу. Жэщ къэс а пщIыхьыр абы иIагъуэт. Фермеры и пщIыхьым иригъэзавэурэ уэд ирихъащ, и фэр шэхум хуэдэу пыкIащ.

ИкIэм-икIэжьым абы кхъыщIар гъунэгъухэм яхуиIуэтэжри, и ныбжьэгъуитIым щIыгъуу бгъуэнщIагъым и бжэр къалтхьхъэну ежьащ. Ауэ, дауэ ящIми, щIыщIагъ галереем и бжэр кхъахуэгъуэтыртэкъым. ИтIанэ фермеры щоджэным и деж кIуэри, кхъыщIща псори хуиIуэтэжащ. Щоджэным абы чэнджащ къритащ бжэ щIыхьэпIэр щилъэгъуа щIыпIэм деж Тхьэм щельэIуну.

Щоджэным жиIащ фермеры пащтыхь Артуррэ и щхьэгъусэмрэ, абыхэм я пщIантIэм дэсаэр кхъыщIыхуэмыгъэушыжар ищIэн хуеяхэр зэрыхуэзэкIалъэмыгъэкIуар зэрыарар. Иджы, дауи, фIэщщIыгъуейщ лIыхъыжь щIэрыIуэхэр зыгуэрым къигъэхъужьырыну. Абыхэм я псэр тыншыжыну тхьэ елъэIумэ, фермеры и псэр зэрыпсэхужьынур кхъыжриIащ щоджэным.

ИкIи апхуэдэу ящIащ. Щоджэным тхьэлъэIуныр иригъэкIуэкIащ. Фермеры тхьэ елъэIуащ жеяхэм я псэр тыншыжыну. Абы иужькIэ фермеры пщIыхь IейхэР и нэгу щIэмыкIыжу, нэхъапэхэм хуэдэу гъэзвэгъуэншэу псэун щIидзэжащ.

Зеннор щыщ Черри

ПРИТТИ Черри Зеннор щыпсэут и адэ-анэм, и дэлъхухэм, и шыпхъуэхэм я гъусэу. Абыхэм я унэр цIыкIут, я щIы Iыхьэр мывалъэти, сыт хуэдизрэ телэжьыхьми, кIэртIоф, гъавэхэкI тIэкIу фIэкI къытрахьифыртэкъым. Абыхэм бжэни иIэт, ауэ а тхьэмыщIкIэм зигъэнщIу шхэн щхьэкIэ ерагъыу ущгъэту арат, шэуэ хъаритри машIэ дыдэт.

Ахэр зэрыпсэур хы Iуфэ къырхэм къыщаубыдурэ щызэхуахьэс бдзэжьейхэкIэхэрт. ЩIакхъуэ щашхьр махуэшхуэхэрт.

Апхуэдэ тхьэмыщIкIагъэми емыльытауэ, сабийхэр узынышэу, псэ быдзу къэхъурт. Ауэ псом нэхъыб Черри нэхъ льэщт - лэжьыгъэм зэпыIуидзыртэкъым, псынщIэу зекIуэрт. Сабийхэм зэдзэкэр кхъыщхьалъхьэкIэ, абы япэ зыри иригъэщIыртэкъым.

Черри и ныбжьыр илъэс пщIыкIх щIигъкъум, къэнэщхьеящ. Адрей хъыджэбзэхэм зыкърахьу, гъунэгъу къалэхэм щыIэ бззэрхэм зэрыщIар ягъэщIагъуэу тепсэлъыхьыжьырт, Черри зэ нэхъ мыхъуми щхэхуакIуэ кIуэну кхъыхихуатэкъым. Пэжщ, и анэм къигъэгугъат бостеиущIэ хуидыну, арщхьэкIэ ахъшэ хурикъуртэкъым.

Черри и адэ-анэм я унэр ибгынэу зыгуэрым хэлэжьэну мурад ищIащ. И унагъуэм сэлам ярихьжщ, и щыгъынхэр зэкIуэщIилхьэри, япэмыжьжьэу лэжьыгъэ гуэр къилъыхъуэну ежьащ.

КIуэм-кIуэуэрэ, гъуэгу зэхэгъэкIыпIэм къыщыблагъэм, абдежьм зрихьэлIа мывэм тетIысхэкъри, гъыуэ щIидзащ, зэрыхуа щытыкIэ гугъум иринэщхьейуэ. Унэм игъэзэжьну мурад щищIа дыдэм, фIыуэ хуэпа зы щIалэ и пащхьэ къыщыхтащ.

Черри хуабжьу игъэщIэгъуащ а щIалэр абдеж къызэрыщыхутамрэ ар къызэрыбгъэдыхьэм гу зэрыльымытамрэ. Нэхъ гъэщIэгъэныжь щыхъащ и цIэмкIэ зэрызыкъыхуигъэзар:

- Уи пщэдджыжь фIыуэ, Черри! Дэнэ уежьа?

- ЛэжьапIэ солъыхъуэ.

- Сыту и чэзуэ дызрихьэлIа, Черри. Си унэр зезыхьэн дэIэпыкъуэгъу зэкIэлъыкIуэ, кхабзэлъабгъэ сыхуэныкъуэщ. Си щхьэгъусэр дунейм ехьжащ, зы щIалэ щыкIу диIэу. Сабий фIыуэ гъэрыгъуэр жэм къыпхуэшмэ, а лэжьыгъэр ууейщ.

Черри хуабжьу игъэщIэгъуащ а щIалэр абдеж къызэрыщыхутамрэ ар къызэрыбгъэдыхьэм гу зэрыльымытамрэ. Нэхъ гъэщIэгъэныжь щыхъащ и цIэмкIэ зэрызыкъыхуигъэзар:

- Уи пщэдджыжь фIыуэ, Черри! Дэнэ уежьа?

- ЛэжьапIэ солъыхъуэ.

- Сыту и чэзуэ дызрихьэлIа, Черри. Си унэр зезыхьэн дэIэпыкъуэгъу зэкIэлъыкIуэ, кхабзэлъабгъэ сыхуэныкъуэщ. Си щхьэгъусэр дунейм ехьжащ, зы щIалэ щыкIу диIэу. Сабий фIыуэ гъэрыгъуэр жэм къыпхуэшмэ, а лэжьыгъэр ууейщ.

Черри хуабжьу игъэщIэгъуащ а щIалэр абдеж къызэрыщыхутамрэ ар къызэрыбгъэдыхьэм гу зэрыльымытамрэ. Нэхъ гъэщIэгъэныжь щыхъащ и цIэмкIэ зэрызыкъыхуигъэзар:

- НакIуэ-тIэ, Черри! - жиIэщ щIалэмэи, ахэр ежьащ. Черри гъуэгур имыцIыхухэу къыщыхъащ. Гъуэгу Iуфэхэм удз гъэгъахэр, жьигъэр Iутт, зы щIыпIэм деж гъуэгур псыежэхым щызэпиупщIырт. ЩIалэм Черри Iэ лъэныкъуэкIэ къиIэтри, псым и адрей Iуфэм нэс зэприхащ. Гъуэгур кIуэ пэтми нэхъ Iуэз, кIыфI щыхъум, Черри къыгурыIуащ ахэр зыщIыпIэ зэрехьр. ЯпэщIыкIэ Черри шынащ, ауэ щIалэм абы и Iэр къыщиубыдым, нэхъ зыэзтриубыдэжащ.

- Иужьым ахэр сэрей лъагэм Iухьащ. ЩIалэм кузбжэр Iуихри, жиIащ:

- НакIуэ, Черри. Мыращ дыщыпсэур.

Черри дыхьэри, Iэнкуну къэувыIэжащ. Абы зэи илъэгъуатэкъым апхуэдэ хадэ дахэ, ихъуреягъкIэ абы и удз гъэгъахэм мэдахэкэр къапихырт, жыгхэм пхъэщхьэмыщхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр япытт, я щхьэщыгум къуалэбзухэм къыщащхьэтыхырт, уэрэдхэр кърашу. Абыхэм зы щIалэ цIыкIу къапежэжьащ. «Папэ! Папэ!» - жиIэу кIийуэ.

Зы фызыжь зы щIыпIэкIэ къыкъуэхри, ар унэм щIихуэжащ.

Черри аргуэру щышынэм, щIалэм тригъэужащ, а фызыжь бзаджэнаджэр щIалэ цIыкIум и анэшхуэ Пруденсу зэрыщIытыр, Черри лэжьыгъэм зэрыхэзагъэу, ар я деж зэрыкIуэжьынур жриIэри.

Унэм щIыхьэу пэш екIуэм зыщиплъыхьым, Черри и гур тIэкIу нэхъ псэхужащ.

Пщыхьэщхьэшхэ ящIыну тIысаУэ, Черри шхынигъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэфlатъыр зыкъуэдэм щеплъыжьащ, зэрыгузэвэри щхъэщыужащ. Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым Пруденс хъыджэбзыр и пхъурылъхум и пэшым щишэм, абы быдзу унафэ хуищIащ жащым и напIэр кхъызэтримыхыну икIи щIалэ цIыкIум емыпсэлъыпIэну. Пщэдджьжьым хуэжьыIуэу къэтэджу щIалэ цIыкIр псынэм ишэу псынэпскIэ зригъэтхьэщIыну, абдежьм гъунэгъуу щыIэ мывэшхуэм тет кумбыгъэ цIыкIум и хущхъуэгъэмкIэ и нэхэр хуилъэщIыну жриIащ. ИужькIэ жэмыр къишу, щIалэ цIыкIур шэ къэшагъащIэм щыщ иригъэфэну унафэ хуищIащ.

- Ауэ, еплъ, - щIигъужащ фызыжьым, - а хущхъуэр уи нэхэм лъымыгъэIэс.

Черри фызыжьым жиIэм едаIуэри, игъэщIэгъуащ; абы зы щэху гуэр хэлъщ. Ар зищIысыр къишIэнуи хущIокъуащ. Черри а щэхум и кIапэльапэхэр щIалэ цIыкIум кхъэзэрыригъэжьну и ужь ихьат, арщхьэкIэ, абы и нэщхьэр зэхихIэри, и анэшхуэм хуэтхъэусыхэну къигъэгугъащ.

Пщэдджьжьым псынэм кIуэзэри хъыджэбзым щIалэ цIыкIум и напэр псынэпскIэ хуитхъэщIри, и нэхэр хущхъуэмкIэ хуилъэщIащ, къалэн кхъэзэрыщащIам тету. ИужькIэ жэмыр къишри, шэр унэм щIихьащ.

Пщэдджьжьышхэ ящIри, Пруденс унафэ щIыным пищэжащ: пщэфIапIэм ущIэмыкI, пэшхэм ущIэмыплъэ, Iункlыбзэ зэта бжэхэр къыIупхыну яужь уимыхьэ, кIэщIу жьпIэмэ, уи Iуэху зыхэмылъым уи пэ хьумышIе.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Робин, арат унэр зейм зэреджэри, Черри иригъэджат хадэм ихьэу зыдигъэIэпыкъуну. Черри щыгуфIыкIащ фызыжь зэшыгъуэр зымащIэ нэхъ мыхъуми имыльагъуу зэрызигъэпсэхунум. Лэжьыгъэр щаухам, Робин хъыджэбзым фIыщIэ хуищIащ, Iуэхур кхъэрыдигъэпсынщIам папщIэ. Черри щIалэм лъагъуныгъэ хуищIат.

Махуэ зыбжанэ дэкIуэ, фызыжьыр Черри еджэри кIэлындор кIыхьым иришэжащ. КIуэм-кIуэуэрэ, бжэ Iуихащ икIи зи лъэгур абдж пэлъытэ пэшышхуэм щIыхьахэщ. Черри абы зыщиплъыхьым илъэгъуащ мывэм кхъыхщIыкIа щIалэ, хъыджэбз куэд. Черри шынаУэ зы псалъи хужьIэжыртэкъым. Фызыжьыр дыхьэшхри, хъыджэбзым пхъуантэ щIыкIу иритащ быдзу иIуэтыну жриIэри. Черри ар иIуэтын щIидзащ икIи фызыжьым аргуэру унафэ кхъыхуищIащ нэхъ быдзу иIуэтыну. Черри еэзэщри, пхъуантэ щIыкIур Iэпыхуащ. Абы хэту макъ шынагъуэхуэ кхъыщIыIум, хъыджэбзыр къэмэжхащ.

Робин Iэуэльауэр щызэхихым, залым щIыхьащ. Къэхъуар кхъугурыIуэри, фызыжьым щIэгубжащ икIи ар и пщIантIэм дихужащ. Черри къиIэтщ, псы трикIэри, зыкъригъэщIэжащ.

Фызыжьыр щыдзэкIыжьм, Черри унафэ псори и пщэм кхъыдзэуащ, арщхьэкIэ зыжьи нэхъ насыпIыфIэ ирихъьэкъым. Робин сыт щыгуэри абы кхъыхуэгуапэт, ауэ псэхупIэ къратыртэкъым пщэ гъэбдыдахэм кхъщIыхуэхэм зэрыхимыщIыкIым. МывэкIэ гъэжа щIыхуэр зыщIэт пэшым Робин зыщигъэбыдэкIэ, щIыху нэжэгужэхэм я гуфIэгъуэ макъхэр кхъIуу зэхихьрт. Унэм апхуэдизкIэ щэху куэд щызекIуэрти, Черри ахэр зригъэщIэну хуэпабгъэрт.

Пщэдджьжь къэс щIалэ цIыкIум и нэхэр кумбыгъэ щIыкIум и хущхъуэмкIэ илъэщIурэ, щIу щIыхьэм, ешам имыльагъу гъэрхэр хадэм абы щилъагъуу Черри кхъыфIэщIащ. Зэгуэрым Черри хуэмышэчыжу и нэхэм а хущхъуэм щыщ лъигъэIэсащ.

Асыхьэтуи ихъуреягъкIэ нэр ирищIу нэху кхъэхуащ, нэхэм мафIэ хъащIихьм хуэдэу. Черри гуэвэри, псынэпс щIыIэ зытрикIэну псынэ Iуфэм деж зыщригъэзыхьим, ильэгъуащ; абы и пльащIэм цIыху цIыкIухэм кхъщажьхьырт, Робини абыхэм хуэдэу цIыкIуу яхэту. Черри и щхьэр кIиэтри, ихъуреягъкIэ зиплъыхьащ: сыт мыр? Хадэ псом эльф цIыкIухэм кхъущажьхьырт: языныкъуэхэр удз гъэгъахэм кхъыкъуэплъырт, адрейхэр жыг кхудамэхэм пыст, ещанэхэм удз щхъуантIэхэм кхъщажьхьырт.

Пщыхьэщхьэм Робин унэм къекIуэлIэжащ. Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым ар залым кIуащ мывэм кхъыщIыкIа и щIыкIуэм и деж. Черри тхьэ пхуиIуэнт абы макъамэ дахэ кхъщIэIукIыу зэрызэхихымкIэ. Пэшым щхэуу гъунэгъу зыхуищIри, бжэмкIэ дэплъащ. Робин цIыхубз зыкъизыхъэм кхъуэрреихьат. Языхэзыр пащтыхь гуащэм хуэдэу хуэпат. Робин абы бгъэдыхьэу сэлам гуапэ ирихьу Черри щилъагъум, ар игу щIыхьэри нэщхьей кхъхуащ. И нэпсэм кхъэзэпажьыхьри и пэшым псынщIэу щIыхьэжащ.

КхъыкIэлъыкIуэ махуэм Робин аргуэру хадэм щилажьэрти, Черри зыдигъэIэпыкъуну еджащ. Черри Робин щыбгъэдыхьэм, гуапэу сэлам кхъриащ. Черри зыхуэмышIэу жиIащ:

- Уи эльфхэм ех апхуэдэ фIэхъус гуапэ, - жиIэу зыхьджэбзыр щыкIийм, Робин нэщхьейуэ еплъащ.

- Черри дахэ, - жиIащ абы, - узыхуимыытыр щхьэ пщIа? Iэзэгъуэ зыхэлъ хущхъуэр щхьэ уи нэхэм лъэбгъэIэсэ? ПщIэд уи адэ-анэм я деж укIуэжьнущ, си пщIантIэм афIэкIа зэи кхъымыгъэззжьыну убгынэпэнурэ.

Пщэдджьжьым абы хъыджэбзыр кIыфI зэхэту къигъэушри, зигъэхьэзырыну унафэ хуищIащ. Бостейхэмрэ нэгуэщI саугъэтхэмрэ, ахъшэ зэрыIыгъыфI щIигъэжри, иритащ.

Черри хъэпшыпхэр зэрилъхьэжащ, и гур кхъиуэту.

Кузбжэм щыдзэкIыжахэщ. Робин абы и хьэпшыпхэр Iэ лъэныкъуэкIэ ихьырт, адрей IэмкIэ уэздыгъэр къигъэнэхуат. Черри нэмэ зэрыкIуэж гъуэгур нэхъ кIыхь кхъщIыхьауад. Мэз Iувым, кIыфIым и лъагуэ зэвым ахэр пхыкIащ. ИкIэм-икIэжьым ахэр щы захуэм щынэблагъэм, Черри гуэру зэхэкIыпIэр кхъщIыхужащ.

Робини зэрынэщхьейт. Хъыджэбзым абы сэлам щрихьым, Черри и нэхэм нэпсыр ящIэз хъури, Робин зэрыIыкIыжар илъэгъакъым. Илъэс и пэ щэхуу кхъыззрыIухьам хуэдэуи ар бзэхьжащ. Гъэгум тет мывэм Черри зыкъомрэ гъыуэ тесащ. ИтIанэ къэтэджыжри, хэмурэ ЗенноркIэ иунэтIыжащ.

И адэ-анэм я пхъур мыпсэужу къафIэщIри, куэд щIат зэрагъеижрэ. Абы кхъыщIащэр щажриIэжьым, япэщIыкIэ я фIэщ хуякъым. Илъэс и пэ щэхуу кхъыззрыIухьам хуэдэуи ар бзэхьжащ. Гъэгум тет мывэм Черри зыкъомрэ гъыуэ тесащ. ИтIанэ къэтэджыжри, хэмурэ ЗенноркIэ иунэтIыжащ.

И адэ-анэм я пхъур мыпсэужу къафIэщIри, куэд щIат зэрагъеижрэ. Абы кхъыщIащэр щажриIэжьым, япэщIыкIэ я фIэщ хуякъым. Илъэс и пэ щэхуу кхъыззрыIухьам хуэдэуи ар бзэхьжащ. Гъэгум тет мывэм Черри зыкъомрэ гъыуэ тесащ. Абы лъандэрэ Черри хуабжьу зихьэжат. Гъунэгъухэм жаIэрт и щхьэр зэкIуэкIэуэ. Жащ къэс ар гъуэгу зэхэкIыпIэм нэс кIуэуэрэ зыкъомрэ кхъщIикIухьырт, Робин пэплъэу, ауэ ар Черри кхъыкIэлъыкIуакъым.

Тхыгъэхэр зэзыдзэкIар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

ТхакIуэ, журналист Къамбий Джэфар къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу



Къамбий Джэфар Ахьмэд и къуэр. *1974 гъэ*

***«Дыщэ уэшх», «Дохутыр», «Уэст», «Нащхъуэ», нэгъуэщI и тхыгъэ купщIафIэхэмкIи адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа, цIыхухэм ягу кIинэжа Къамбий Джэфар 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м Къармэхьэлэ адыгэ къуажэжьым къыщалъхуагь. Курыт школыр къиухри, ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым урысыбдзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьагь. Дзэм ираджэу кIигъэзэжа иужь еджэным пищащ.*

Къамбийм пасэу тхэн щIидзащ. Абы фIыуэ къехъулIэрт литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр. «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» повестым щыщ Іыхьэ «Ленин гъэзгу» («Адыгэ псалъэ») газетым къытехуэ иужь, Къамбий Джэфар зэуэ цIэрыIуэ хъуагь. Газетеджэхэм я лъэIукIэ а тхыгъэр иужькIэ зэрыщыту къытрадзауэ щытащ. Абы къыдэкIуэу Джэфар и зэфIэкIкIэ журналистикэми къыщигъэлъэгъуащ. Къамбийр ІэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ. Псом хуэмыдэу ар хэзагъэрт очерк тхыным. Джэфар хуабжьу и гуапэу икIи шэрыуэу цIыху гуащIафIэхэм ятетхыкIырт. Мис апхуэдэ гуапагъэрэ хьэлэлыгъэкIэ гъэнщIа и тхэкIэр абы къыщигъэсэбэпащ повесткэм, новеллхэм, Іуэтэжкэм (рассказхэм), пьесхэм, усэхэм.

Къамбий Джэфар и Іуэтэжкэр щызэхуэхьаса «ГъащIэм и пльыфэхэр» тхылым, 1971 гъэм къыдэкIам, гупльытэшхуэ хуащIауэ щытащ. Абы белджкIыпсыбжьуащ куэдым хэзыщыкI, зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтхэм хуэIззэ тхакIуэ ди литературэм къызэрыкIыхьар. Апхуэдэу уденьих 2001 гъэм дунейм къытехьа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр щызэхуэхьаса «Дыщэ уэшх» тхылым. Джэфар хуабжьу къехъулIэрт усэхэри. Ахэр ди газетым щIэх-щIэхьуирэ кIыстехуэу щытащ. А псоми къадэкIуэу, Къамбийм пьесэхэри итхырт икIи нэгъуэщI лъэпкъхэм я классикэм увыпIэшхуэ щызыубыда драматургхэм я ІэдакъэщIэкIхэри зэридзэкIырт. Абы-хэм къытрадыкIа спектаклхэр Щоджэнц Іыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Бэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуфауэ щытащ.

Куэд мэхъу Къамбийм зызэрипщытагъэр икIи къехъулIаХэр. И гъащIэм щыщу иужь илъэс 20-м хуэдизыр абы нэхъыбэу зытриуухар адыгэ тхакIуэхэм, журналистхэм я тхылъхэр къыдигъэкIынырт. Абы и фIыгъэкIэ гъуэгу ягъуэтащ творчествэм зезыта ныбжьыщIэ куэдым.

«Дыщэ уэшх» тхылъыр къыщыдэкIам «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм хуитхауэ щыта псалъэпэр

«Дыщэ уэшхым» хыхьа тхыгъэхэр Къамбий Джэфар итхащ и щIалэгъуэу - илъэс тIощI, щэщI ипэкIэ. «Мусэ и Іу бахъэ» хъыбарыр абы и къалэмыпэм къыщыщIэкIам, и ныбжьыр илъэс 11-м иту арат.

ЖУРНАЛИСТ Іззэ Къамбийр илъэс куэдкIэ щылэжьащ «Ленин гъэзгу» газетым, ди гъащIэр и нэгу щIэкIа куэдей мыхъуу, ар кууэ щIипщытыкIыр, щIэджыкIын хуейт и лэжьыгъэм ехьэлIауэ. А псори и творчествэм къыщыхуэщхьэжащ: абы и рассказ, повесть купщIафIэхэр зыщылажьэ газетым щIэх-щэхьыурэ къытрадзэу щытащ. Ауэ ахэр иджыри къэс тхылъ щхьэзэу къыщыдэмыкIам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ, абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр - ахэр щитха лъэхьэнэм ди псэукIэм хэлъ ныкъуанагъэхэр къэбгъэнаIуащэу ядэу зэрыщымытарщ.

Рассказхэр зэщджкъым я зэхэпльыкIэкIи зытеуухаКи, ауэ дэтхэнэми удихьэхьу, уигъэпIейтейуэ укъудэж, хэт персонажхэр гукъинэж мэхъу. Джэфар и лIыхъужьхэр куэду и нэжэгужащ, щIэнэжэгужэри гъащIэм и гущIхъыринэм ихсэу аракъым, уеблэмэ ахэр псэзэпылъхьэпIэ щIихуэ куэдрэ къохъу, ажалыр кьадэджэгууи ди нэгу щIегъэкI. АрщхьэкIэ, я щхьэр ирахьэхырым, я гур яфIэкIуэдыркъым. Фым кьимышэмэ,Іейм уущыгугъэ зэрымыхъунур нэсу зыхащIэ, гушыIэрэ Іэфlагъ-дахагъкIэ псэр ябгъэхьэ, ажалмэ хэутэн ирагъэщIыркъым. Къамбийм кьигъэщI образхэм гур кIэрызыгъапщIэ пкъыгъуэ хьэлэмэтхэр ядыдолъагъу, ахэр зэуIуу «гъащIэ», «дуней» жыхуэтIэжхэм я бзыпхъэу къыщIидзыжу.

Мы тхылъым и псалъащхьэр кьыхэтекIар тхакIуэм и повесту а фIэщыгъэцIэр зритарат, ауэ тхыгъэр инти, мыбы хуэхаха щапхъэм изэгъэнкIэ Іэмал дгъуэтакъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а тхыгъэ хьэлэмэтыр зэкIэ кьызэтеувыIащ, авторым зэрыфIэкъабылым тещIыхьаурэ, и псалъащхьэр кьанэри.

«Дыщэ пыIэ зэрIэхьщ», «ДжэгуакIуэ» тхыгъэхэр повестхэм щыщ Іыхьэщ, ауэ я гъэпсыкIэкIэ кIэрэ пэрэ зиIэу, зи щхьэ хущытыкъ кьыхэсхащ.

Налшык, 2001 гъэ.

КЪАМБИЙ Джэфар

Дохутыр

Іуэтэж

ЖЭЩЫБГЫМ дохутырыр къаГъэушыжащ. Сымаджэщым къипсэлъыкIат сымаджэ хьэлъэ кьашауэ. ЩIыбым кьызэрыдихьэу абы и Іэпкъльэпкъым щIыIэ худихуу кьыщыхъуащ. ЖэщитI хьуауэ ныжэбэт пIэ щигъуэльхьари, зэрезэшари и жеин кьызэрыкIуэри хьэлъэу зыхищIэрт. И бэлъто пщампIэр кьыдригъэублэрэкIери, ар пщIантIэм дэкIащ.

Дунейр удрат, кьеГъуэльхьэха уафэр бжьэхуцу ипщIыуэрэ кърипхъых хуэдэ, жьым уэс хужьыбэр хьэуам щызэрихьэрт. «Нобэти гъэрэ щIырэ щызэхэкIыр, аргъэнщ дунейр щIызэрызехьэр, - игу къэкIащ Назир, - щIым кьытенэну, щIымахуэр мэльэпIастхъэ. Сыт щыгГъуэ зэманми аращ, зи кIуэдыжьыГъуэр щIэм йоныкIыхъу...»

Сымаджэщым гъэнэгъу хуэхъуауэ, ар хуэзащ, кьыпкъмэбауэ кьыпэплъэ щIыхьэ. КIуэрыкIуэм тету Назир абы пкърыупщIыхьырт. ЛIыми и макъыр кьызэфIэзэрыхьауэ, гузавэу кьриIуэтыIащ и адэ кьуэшыр кьелыну зэрымыгугъэжыр.

- СцIыхурэ?

- Хьэдинщ...

- Хэт и Хьэдин зи гугъу пщIыр? - дохутырыр зэщIэувыIыкIащ.

- Си адэ кьуэшыр - Блэнауэ Хьэдинщ..

Жэуапым ар кьыдыхэщтащ. Щыблэм зэщIиIуIам хуэдэу, дохутырыр щыгт кьыбгъэдэтыр дахэ-дахэу имыльагъужу. Асыхьэтым гъуэжькуийуэ, гупсысэ минхэр и акъыл кьэпIейтеям щызэрызехьащ... ЗыкъыщIэжри, хьэжэпхъажэ зэрыкъуар и гъуэсм щигъэпщкIуу, ещIыщащ: «Хьэпльэ?» АрщхьэкIэ адрейми дохутырыр пIейтей кьызэрызыхъуи гу лъымытэу кьэнакъым, зрильэфхьэрэ, абы псалъэм щIидзащ:

- Псори кьызэгуроIуэ... Уэри зэрыпщIэщи, Хьэдин жьы хъуащ. Зэгуэрым Іэщ Іэщэ щIэщхъуэ и хьэзабым ихьащ, цIыху сурэтым итыжькъым. ИтIанэ, апхуэдэу хуэтIлэч хьунтэкъым, уи деж альандэрэ зыкъыщигъэшамэ...

ТIуми заущэхуауэ я гъуэгу хагъэщIырт. Зэщ кьес щхьэкIэ, уэрамкэр ятIэти, дэтхэнэри хущIэкъурт псы инам зэрыхэмыувэнум елIаIэу фэ зытригъэуэну, сыту жьыпIэмэ, дэтхэнэм дежкIи хьэлъэт а псалъэмакъыр. Пхъэ закъуэ лъэмыжьым щызэпрыкIым, дохутырыр щIантхъэри, мылыпсым хэхуэ пэтащ, ауэ нужьрей дакъикъэм ерагъкIэ зыэзтрибыгъэжащ.

- Сакъ, гъуэгур щIэнтхъуэрыгъуэщ...

Назир фIыуэ кьыгурыуэр а лIым кьыжримыIэфыр, итIани сымаджэм и Іыхьлым зыгуэркIэ игу фIы хуищIын хуэзфIэкIакъым.

Сымаджэщым щIыхьа нэужь, абы кьыгурыуащ кислородкIэ ягъэбауэ лIыжь нэкIу фагъуэм и Іуэхур зэрымыщIагъуэр. Ар кьыхэскIыкIыу хэлъэу бауэрт, ящIыкъуэхэм дежь хьэуа имыгъуэтыжу кьанэри, и Іэ-и лъэ щIишэу зэрэзэфIэзэрыхьырт.

Кьызэращэ лъандэрэ и Іуэху щIагъэкъым, - кьеIуцэщащ абы медсестрар.

И гум едалъэу, и лъынтхъуэм и кьеуэкIэр кьипщытэу здэщысым, дохутырыр зэхэуфат, гупсысэ IейкIэр къытезэрыгуэрт. Ар шынэрт сымаджэр операцэ щищIкIэ и Іэр кьемыдэIуэж хъункIэ: псэр зыфIэмыщIыным нэр ельэпкъым... Абы ищIыкIуэ Хьэдин и уэзыр хэтIэсащ, кьыхуемыгъэлмэ, зэуагъэунщ абы кьыхужаIэнур. Абы щегупсискIэ, дохутырым и щхьэфэщым зиIэтырт.

***

ОПЕРАЦЭМ псори хуэхьэзырщ. ЦIыху кьарур зыимыгъэкIыщI хущхъуэу нэхъыфIэхэр хакIащ сымаджэкъм. Ар зэрыбгъэр, и Іыыр зэрыкIыкIуэр къэзыпIытэ аппаратыр и Іыынтхуэхэм пыщIащ, итIани дзыхьщIыгъэщхьэ абы и Іуэхур, куэдрэ кьыізэфIозэрыхь. ИкIи мис, Назир зыхуергъэзэх укъуэдиуэ и пащхьэм ирИэпкъльэпкъым.

Операцэ гугъум щIедзэ... Зыр зым кIэльыкIуэу абы Іэщ Іалъхьэ зыхуей Іэмэпсымэкэр. Псалъэ кьыжьэдэмыкIми, абы и дэIэпыкъгъуэхэм кьагуроIуэ я лэжьэгъум и гум щыкIэр. Апхуэдизкъэ пэшыр даущынэшэщи, сапэм быр зэрырибгъэр, сестрахэм зыщагъасэжкIэ я халатыр зэрыщхьэщхьэр зэхох.

Назир и Іэпэхэр хуэIэзэу кьагъэжьIащIэ зэтхэнэ Іэмэпсымэхэр. Ауэ, гъэщIэгъэнрахъэ, иджыпсту ар цIыхуитI хьуа хуэдэщ. Зыр абы и цIыкIуцхъэрауэ кьыщIэкIынщи, мыдрейми - зи ныбжьыр илъэс 56-м итI цIыхухъум кьыкIэрохьыжь, балигъ мыхъуа дэтхэнэми хуэдэу, абы и гум ильар ибзыщIыркъым, кьреудэкI: «ПщIэжрэ зы уи пащхьэм илъым кьыдидиIауэ щытар?» А псалъэхэм псэр зыгъэкIэзыз теплъэгъуэ щынагъуэр и нэгум кьыщIагъэувэ.

...ЖьапщэмрэщыщIлауэ мафIэ кьымрэ щызэIэпэгъущ губгъуэ нэщIым. Бгъэ абрагъуитIу абы щызэрызохьэ щIакIуэ кIапэ зэдыгъуэ щыуэуитIыр. Я джатэхэр Іэтауэ ахэр зэхуочэ икIи мис, гъунэгъу зэхуохьэри, джадзэдзэр зодзакъэ, хъуасклэхэр кьадихьу, я зэрыIуогъэ. Шыхэр мэщIыщ, я кIэбдз ІъакъэхэмкIэ щыту абыхэм зызэраупсей...

Щымщ пэшыр... Медсестрахэм псынщIэу яГъэзащIэ операцэр езыгъэкIуэкIым и унафэхэр... Мамырщ дохутырым и нэкIур, и нэхэр, тэмэмщ абы и Іэбэкlр. Арщхьэкlэ абы кьыщхьэщытщ Іэуэльэуэзшхэ - шэрхъ абрагъэуэ гъуэжькуийр. ЗыгъэкIэрэхъуэ губгъуэм лIэн-хьэнэну щызэрорупщатэ шууеитIыр. Тэлай кIэщI дыдэкIэ уафэхъуэпскIым къеГъэнэху щIакIуэ кIапэ зэдытехьахэм я нэкIу зэкIэщIэшахэр, гужьгъэжькIэ зэхуэIэл нэхэр... Гъащ Іэ мэхъу шыбгъэрызауэр. Мэятэ борэныр, щыблауэ макъым щIыпIэр кьыдосклэ. Зэпэщ Іэуэ шууеитIым я зыр джатэрызауэм нэхъ хуэщ Іауэ кьыщIэкIащ, абы хегъащIэ и бийр, джатэр Іэщ Іиудауэ ганэгъум иредз.

Мэкъугъ, мэгъуахъуэ борэныр. Хьэуазэ Іэтэ мин узгум щызэщIагъэнам хуэдзу, уафэхъуэпскIым пшэхэр дыхьэрэн мафIэу зэщIегъэльдэ. Уанэгум кьинам и джатэр и бийм трешащIэ, ауэ икIыркъым, шы зэщ Іэплъар щ ІэджэгуукIыу, щIогубжьэ:

- Тхьэ Іуэ, дяпэкIи си ужь укъимыувэну. Псэууэ укъзэгъэнэнщ. Лъы щIэжьыним куэдщ текIуэдар.

ЩIым щылъым и дзэр зэрегъэшх, ар мэгъэ.

- Лъэпкъ фаджэм кьыхэкIа, - жеIэ абы, уи насыпт кьыщикIакIэ, пхуэзфIэкI щIэ. Ауэ, сыпсэумэ, пщэдейщ зэхудипIалъэр...

- Сэ уэ пхудэм сыкъыхэкIамэ, сынопсэльэнтэкъым. Тхьэрыуэ щIы!

- Сыпсэумэ, пщэдейщ зэхудипIалъэр... Си кьуэшыр фи лъэпкъым кьыщауакIам сщIа мурадым сэ сытекIынкъым. Пщэдейщ зэхудипIалъэр!

- Пщэдеи пльэкIамэ кьыумыгъанэ, - мэгубжь шым тесыр.- Пщэдей си пIалъэм уэ Іэщэ Іы-гъыкIэ пщIэрэ? Ауэ сэ фыз сыукIыркъым.

Абы и джатэр лъэныкъуэ ирегъэзыж, и шым йольэдэкъауэ ежьэжыну.

ЩIым щылъым кьыIэрохьэ и бгъуэщIым илъ кIэрахъуэр. «Фызым сыхуэбгъэдауэ аракъэ, - мэгъыз ар... - Мэ щIыхуэр сIыхьыкI» - уэгъуитIым иужькIэ уанэгум исыр зэфIэщIуэ хуэжьащ, ещанэу кьыщытехуэм, зэпабзам хуэдэу, ар зэфIэщхащ, ауэ кьехъахъкъым. Зэпрыууэ уанэгум теупIащ ар и шым ихьыжащ кьуэажэм...

Назири ещIэж «Дадэ кьэсыжащ» жиIэу шы щIыщ макъым кьызэрыдыщIожар, и псэр здыхэкIым и адэр зэрыущащар: «Блэнауэ Хьэдинщ...»

...Іэуэльэуэнэшэщ операцэр щекIуэкI пэшыр, ауэ асыхьэтым щыбIпэ кьыщыуами ярейт абы. Скальпелыр быдэу икъуэу дохутырыр и пIэм йодие. Абы и фэр щэхум хуэдэу пыкIащ, пщIэнтIэпс щIыIэр и натIэм кьызыпхехэу. Медсестрахэр зоплъыж, псоми кьафIэщIащ сымаджэм кIэ игъуэтауэ, арщхьэкIэ ар псэут...

Апхуэдэу зэрыщытар тэлай кIэщI дыдэкIэщ... ЗыкъыщIэжащ щIэхыу. НапэIэльэщIкIэ пщIэнтIэпсыр ирегъэльэщIри, зрегъэзых. Ар сакъыу мэлэбэ...

Дохутырыр гъунэгъу хуэхъуащ и мурадым. Мис сымаджэм и гур, зи дамэр зэпыуда бзыуэ зоуалэ. Иджыт нэхъ гугъур. Лъыр щыIуиуфыда гукъуэпсыр кьэгъуэтауэ хуиту гъэлэжьжьын хуейт...

ГуащIэ мащIэщ лIыжьыр. Дыгъэ пльам игъэткIу мыл кIапэу, абы и гащIэмэ хощ Іэ, мыбэуэжьифу жьы кьыпеуБыдри, кьызэфIозэрыкъыпэ... Аргуэру медсестрахэр гужьеяуэ зоплъыж. АрщхьэкIэ дохутырым и щхьэр кьыIэтыгъэкъым, абы кьыIэрыхьащ дерт зиIэ гукъуэпсыр. Зы тэлай дэкIри пыкIри абы кьыщиутIыпщыжащ, гур кьасклэри, кьэпIэтIэуэжащ... Іузыщ Іэ мывэр зыIуача псынащхьэу, гур кьэпсэужьырт, Іэпкъльэпкъыр кьауркIэ игъэнщ Іу...

- Сыту телъыджж цIыхум и гур, сабий кьалъхуагъащIэм хуэдэу пщIанэщ, кьабзэщ, - кьэIуащ зыгуэрым и Іущащэ макъ.

Ауэ Назир а псалъэхэр зэхихауэ фэ теттэкъым. Мэщэауэр ар ельэпкрт гум кьыкIэрыкIауэ и Іэм кIэрыльпльыжьыгъэм.

... Фагъуэу кьэуша махуэр щтэ-Іэщтаблэр щхьэгъубжэм кьыIууват, абы операцэ щIыныр и кIэм ныщигъэблэгъам. Нэхущ дахэт дохутырыр зебыршэу сымаджэщым кьыщыщIэкIам. Нывэбэрей жьапщэр зэрытеужам кьигъэльагъэуэр гъэрэ щIыщэкIым зэпэщIэуэ кьарухэм гъатхэм ейр зэрытекIуар.

МАХУЭ Билал:

Си пщIэр къэсIэтыжынырщ къалэн нэхъыщхьэр

● Бэнэкlэ хуит

Нусуев Шевалье и фэеплъ зэхьэзэхуэм щытекIуэри, иджырей олимп льэхъэнэр хъарзынэу кьыщIидзащ Махуэ Билал. Иужьрей илъэсрэ ныкъуэм и гъащIэр зэрекIуэкIам, илъэс 30 ныбжьым зэрынэсам, нэгъуэщIхэми ар иджыблагъэ тхутепсэльыхьащ. Апхуэдэу Махуэм кьыхихьащ бзэным хуэфэщэн увыпIэр щиуфыдыжу 2020 гъэм Токио щекIуэкIыну Олимп джэгуэм кIуэну зэрыхущIэкъур.

- Дэтхэнэ текIуэныгъэм иужькIи арэзыныгъэ зыхьыбощIэ, уи гур мэпсэжуж. Иджырей зэхьэзэхуэм апхуэдэ щытыкIэм ситу срихьэлIащ. Тхьэмахуэ зыбжанэ ипэкIэ Грознэ къалэм щекIуэкIа Кадыров Ахъмэт и кубокыр къэхьыным хуэхха зэхьэзэхуэм сыхэтащ. Абы зэIущIитI щезгъэкIуэкIащ, иджырейм - пIлы, ауэрэ хэзгъахъуэурэ щытыкIэ тэмэмым сиуэзжыныц.

- Зэхьэзэхуэм зыщыкуэбгъэхьэзырар ЦСКА-ра?

- НтIэ, ЦСКА-м зыщызгъэсащ икIи мы зэхьэзэхуэм сыхэтын щхьэкIэ Іэмал къэгъэнакъым. Мэремыр сытым дежи дыщыбанэ мафхэщ, мин ноби зэIущIитIп нэсу езгъэкIуэкIащ *(къыпогуфыкI)*.

- Нусуев Шевалье и фэеплъ зэхьэзэхуэм уэ ущыбанэ гупым зэныкъуэкъуныгъэшхуэ щыщIыIащ. Зи ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъуэхэм я командз къыхэхам и тренерэр кIэлъыплъащ дунейпсо зэхьэзэхуэм ягъэкIуэнкIэ хъунухэм.

- Пэжщ, тренерхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ мы зэхьэзэхуэм сыщыбэнэну хуит сызэращам щхьэкIэ. ЩIалэщIэхэм я зэфIэкIыр, ахэр зэрыкъэзырыр къапщытащ. КьыхэзгъэзащIыну сыхуейщ, дэтхэнэ зы бэнакIуэм и дежкIи зэIуахуэ сызэрыщытыр, я упщIэхэм жэуап естыну сыхьэзырщ, чэнджэщэгъу сахуэхъунущ. Дэ спортым игъащIэкIэ дыхэтынукъым, зэман дэкIмэ ди гум нэгъуэщIхэри кьиувэнущ.

- Дауэ къыщыщхъуэ-тIэ Урысейм и командз къыхэхам и къэкIуэнур?

- Дэтхэнэ зыми сыщеБэным зыхэсщIащ кьызэбэныну гукъыдэжьыхуэ зэрабзр, зыкъагъэльэгуэну кьахукъуэкIа Іэмалыр нэсу кьызэрагъэсэбэпыр. КьыхэзгъэщIыну сыхуейщ финал ныкъуэ зэIуущIам сызэбэна Дибиров Амин. Хъарзынэу зигъэхьэзырат, и зэфIэкIыр щIэзыгъэльэгъуну сыхуейщ. Спортсменхэр иджыри щIалэщ, зыхагъэхьуэн гъыкIэ пщIэрэ? Ауэ сэ фыз сыукIыркъым.

Абы и джатэр лъэныкъуэ ирегъэзыж, и шым йольэдэкъауэ ежьэжыну.

ЩIым щылъым кьыIэрохьэ и бгъуэщIым илъ кIэрахъуэр. «Фызым сыхуэбгъэдауэ аракъэ, - мэгъыз ар... - Мэ щIыхуэр сIыхьыкI» - уэгъуитIым иужькIэ уанэгум исыр зэфIэщIуэ хуэжьащ, ещанэу кьыщытехуэм, зэпабзам хуэдэу, ар зэфIэщхащ, ауэ кьехъахъкъым. Зэпрыууэ уанэгум теупIащ ар и шым ихьыжащ кьуэажэм...

Назири ещIэж «Дадэ кьэсыжащ» жиIэу шы щIыщ макъым кьызэрыдыщIожар, и псэр здыхэкIым и адэр зэрыущащар: «Блэнауэ Хьэдинщ...»

...Іэуэльэуэнэшэщ операцэр щекIуэкI пэшыр, ауэ асыхьэтым щыбIпэ кьыщыуами ярейт абы. Скальпелыр быдэу икъуэу дохутырыр и пIэм йодие. Абы и фэр щэхум хуэдэу пыкIащ, пщIэнтIэпс щIыIэр и натIэм кьызыпхехэу. Медсестрахэр зоплъыж, псоми кьафIэщIащ сымаджэм кIэ игъуэтауэ, арщхьэкIэ ар псэут...

Апхуэдэу зэрыщытар тэлай кIэщI дыдэкIэщ... ЗыкъыщIэжащ щIэхыу. НапэIэльэщIкIэ пщIэнтIэпсыр ирегъэльэщIри, зрегъэзых. Ар сакъыу мэлэбэ...

Дохутырыр гъунэгъу хуэхъуащ и мурадым. Мис сымаджэм и гур, зи дамэр зэпыуда бзыуэ зоуалэ. Иджыт нэхъ гугъур. Лъыр щыIуиуфыда гукъуэпсыр кьэгъуэтауэ хуиту гъэлэжьжьын хуейт...

ГуащIэ мащIэщ лIыжьыр. Дыгъэ пльам игъэткIу мыл кIапэу, абы и гащIэмэ хощ Іэ, мыбэуэжьифу жьы кьыпеуБыдри, кьызэфIозэрыкъыпэ... Аргуэру медсестрахэр гужьеяуэ зоплъыж. АрщхьэкIэ дохутырым и щхьэр кьыIэтыгъэкъым, абы кьыIэрыхьащ дерт зиIэ гукъуэпсыр. Зы тэлай дэкIри пыкIри абы кьыщиутIыпщыжащ, гур кьасклэри, кьэпIэтIэуэжащ... Іузыщ Іэ мывэр зыIуача псынащхьэу, гур кьэпсэужьырт, Іэпкъльэпкъыр кьауркIэ игъэнщ Іу...

- Сыту телъыджж цIыхум и гур, сабий кьалъхуагъащIэм хуэдэу пщIанэщ, кьабзэщ, - кьэIуащ зыгуэрым и Іущащэ макъ.

Ауэ Назир а псалъэхэр зэхихауэ фэ теттэкъым. Мэщэауэр ар еплъыгт гум кьыкIэрыкIауэ и Іэм кIэрыльпльыжьыгъэм.

... Фагъуэу кьэуша махуэр щтэ-Іэщтаблэр щхьэгъубжэм кьыIууват, абы операцэ щIыныр и кIэм ныщигъэблэгъам. Нэхущ дахэт дохутырыр зебыршэу сымаджэщым кьыщыщIэкIам. Нывэбэрей жьапщэр зэрытеужам кьигъэльагъэуэр гъэрэ щIыщэкIым зэпэщIэуэ кьарухэм гъатхэм ейр зэрытекIуар.

Дуней псом и вице-чемпион Мудрэн Аслъэн

● Самбэ

Сочэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ самбэмкIэ дунейпсо чемпионат. Абы пашэныгъэр щиуфыдащ Урысейм и командэ къыхэхам.

Мудрэн Аслъэн и текIуэныгъэ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мудрэн Аслъэн. Зи хьалъагъыр килограмм 62-м нэблагъэхэм я гупым абы дыжьын медалыр къыщиихьащ.

Псори зэхэту Урысейм и командэ къыкъхэм дунейпсо чемпионатым къыщиихьащ дыщэ медалу 17, дыжьыну 3, жэзу 4.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Іуэхутхьэбзэщ Іэ ирегъажьэ

● Банк Іуэхуэр

Урысейм и Мэкъумэш банкым «Рефинансирование ипотеки» кредит Іуэхутхьэбзэщ Іэ иригъэжьащ. Къищынэмыщ Іауэ, абы къекIуалIэхэм Іэмал яIэнущ нэгъуэщI кредитхэр я Іуэхуэ щыщащта щыхуэхэм ехьэлIа зэгурыIуэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэну: кредитым щыщащтыкI процентыр ирагъэхьну, мазэ къэс хальхъэ ахъщэр нэхъ мащIэ ящIыну, щIыхуэр щатыжьын хуей пIалъэр нэхъ кIыхь ящIыну, нэгъуэщIхэри.

БЮДЖЕТ унэтIныныгъэм и лэжьакIуэхэм, «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-м и карточкэхэмкIэ улахуэр къыхэзырат, «дзыхь зыхуащIу» банкым и Іуэхутхьэбзэкр къэзыгъэсэбэпхэм папщIэ процент ставкэр 9,3-м къыщыщIэдзауэ щытынущ, адрей лIэужьыгъуэхэм папщIэ процентыр 9,45-м къыщыщидзэнущ. ИщхьэкIэ къыщыхьа ставкэхэр зэлъытар кредитым и инагъымрэ ипотекэм иIэ страхованэмрэщ.

Іуэхутхьэбзэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщащIы-фынущ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-м и www.rshb.ru интернет напэкIуэцIым

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Іэнатlэм епха Іуэхущ Іапl Іэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщIэныкIэ пльафжь бдзэщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икIи нобэ ялытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящIыщу нэхъ пльэщхэм, зи Іуэхуэр зэпIэзэрытхэм, мылыку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я проценти 100-ри къэрал мылыкущ.

КЪУЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Iизэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

ХЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапl Іэхэм ядэлэжьэныкъэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ псомхэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-89; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэгазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапl Іэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1479

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.